№38 (19922) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ХIакъикъат

МагIарулазул республикаялъулаб газета

11 октябрь 2024 с. рузман

Выставка

## Дагъистаналъул «Меседилаб хасалихълъи» - Москваялда



**Гьал къоязда улкаялъул тахшагьаралда тIобитIулеб буго «Меседилаб хасалихълъи» абураб ТIолгороссиялъул росдал магIишаталъулаб выставка. Гьелда гIахьаллъи гьабулеб буго тIолабго Россиялдасаго хурухъабазулгун ахихъабазул ва боцIухъабазул батIи-батIиял магIишатаз. Кидаго гIадин, исанаги гьелда гIахьаллъи гьабулеб буго Дагъистаналъул вакилзабазги. Выставкаялда нилъер республикаялъул къокъаялъе нухмалъи гьабулеб буго ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас.**

Республикаялъул батIи-батIиял районаздаса 40-ниги магIишаталъ гIахьаллъи гьабулеб буго выставкаялда. Гьенир руго Гъизляралъул «Урицкиялъул гьанал нигIматал гьарулеб комбинатги», «Дарман» фирмаги ва цогидал магIишаталги.

Выставка рагьун кIиабилеб къоялде Дагъистаналъул экспозициялъе бищунго лъикIаб къиматги щвана. Гьелъ бихьизабула нилъер республикаялъул росдал магIишаталъул нигIматазул бечелъиги, экологияб рахъалъ гьезул рацIцIалъиги, гьарзалъиги. Гьединго Дагъистаналда хIадур гьабураб полбаги цIакъго беццана гьениб.

Дагъистаналъул стенд бикьун буго кIиго бутIаялде: цояб – презентациязе, ай росдал магIишаталда росарал бергьенлъаби рехсезе, кIиабилеб – дандчIваязе, ай къотIикъаял гьаризе.

Стендалъухъ балагьизе щварав Россиялъул цIолбохъанлъиялъул ассоциациялъул исполнительнияв директор Алексей Плотниковасги лъикIаб къимат кьуна стенд ургъараб куцалъеги, цIолбохъанлъиялъул рахъалъ Дагъистаналъ кколеб бакIалъеги.

Исана, Аллагьас хъван батани, цIолбол 296 азарго тонна бачIиналъул бакIаризе ракIалда буго нилъер цIолбохъабазда. Гъоркьисала букIаралде дандеккун, 13000 тоннаялъ цIикIкIун ккола гьеб.

Выставкаялде рачIарал гьалбадерида гьоркьов вуго Москваялъул росдал магIишаталъул цIалул заведениялъул (РГАУ-МСХА) студент Багьавудин ГIусмановги.

ГI. ГIабдулмуслимовасулгун букIараб дандчIваялда студентас бицана цебего бокьун букIанин живго цIалулев вугеб вузалда цIаларав ва гьениб докторасул диссертация цIунарав хIукуматалъул нухмалъулесулгун лъай-хъвай гьабизе.

«Дицаги гьаб вуз гIадада гуро тIаса бищараб. Къойидаса къойиде республикаялда росдал магIишат цебетIолеб буго. Гьединлъидал специалисталги хIажат рукIина.

Дагъистаналъул стендалъул рахъалъ абуни, цогидазулалда гьоркьоб гIемер кьеразулаб, бечедаб гьеб рикIкIададасанго бихьула. Дун чIухIарав ва вохарав вуго нилъер республикаялъул стендалъ гьаниб хасаб бакI кколеб букIиналдаса. Росдал магIишаталъул рахъалъ нилъер буго цогидазда бихьизабизе гIураб бечелъи», - ян бицана Б. ГIусмановас.

Выставкаялда гьединго лъун рукIана Дагъистаналъул бищунго тIабигIат берцинал бакIал рихьизарулел сураталги.

РукIана гьениб нилъер машгьураб урбаги, магIарул хурдузул чаялги ва цогидал нигIматалги.

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*






Улкаялъул бахIарзал

### ЧIегIерал кIазазул даимаб кочIолъ




9 гьум. >>>

Машгьурал гIадамал

### “Аршин - мал - аланалъул” автор



10 гьум. >>>

Дандерижи

### Нахъойги “Баху-Бикал” хIакъалъулъ



13 гьум. >>>

# ГIаммаб унтиги бухIиги

**9 октябралда Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликов дандчIвана СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамалгун.**

**«Нужер васаз гIумру кьуна бищун къадруяб ва къимат тIокIаб ишалъе гIоло – ВатIан цIуниялъе. Жакъа нилъер улкаялдеги щвана рагъул тIираби. Нилъер гIаммаб рукъ, ракь цIунулаго, къадаралде щвана бахIарзал. ЗахIматго буго нужер ракI батиялъе рагIаби ралагьизе, амма нужер унтиги бухIиги, гьеб буго киназего гIаммаб. Ниж кидаго нужеда аскIор рукIине руго», - ян абуна С. Меликовас.**



Рехсана гьес СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе чIезарун ругел шартIалги, бицана гьаризе кколел кумеказулги бигьалъабазулги. Гьединаб кумек буго федералияб ва регионалияб рахъалдасанги. Гьелъие гIоло гIуцIун буго республикаялда «Киналго цадахъ» абураб фондги.

Гьел бигьалъабазул хIакъалъулъ данделъиялда мухIканго бицана ДРялъул военкомасул ишал тIуразарулев ГIабдурахIман Мурадхановас ва захIматалъулгун социалияб цебетIеялъул министрасул ишал тIуразарулев МухIамадзагьид Кихасуровас.

«Нилъер рагъул гIахьалчагIазул ва гьезул хъизамазул щиб гьари батаниги, гьеб заманалда тIубазабизе хIаракат бахъула. Амма цо-цо мехалда гьеб кватIун кколебги батила. Нижеда лъазе ккола нужее гIолебги гIоларебги», - ян абуна республикаялъул бетIерас СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялда.

Данделъиялъул гIахьалчIужу, рагъда хварав Руслан Акаевасул лъади Умрагил Акаевалъ гьарана росасул цIар кIочон толареб куц гьабизе бокьун бугилан.

Умрагил, рос СВОялда вугеб заманалда, нилъер васал ругел бакIазде гуманитарияб кумекгун ун йикIана чанго нухалда. Гьанжеги кумек гьабула гьелъ СВОялъул гIахьалчагIазе.

Данделъиялда рорхарал киналго суалал, СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялъул гьариялги гIарзалги тIуразе ругин рагIи кьуна республикаялъул бетIерас.

# ГIияхъабазул хIакъалъулъ кино

**Гьал къоязда Самараялда тIобитIана «Соль земли» абураб Халкъазда гьоркьосеб 17- абилеб кинофестиваль. Гьениб бихьизабизе битIун бачIараб микьазарго фильмалда гьоркьоб букIана, ДРялъул Культураялъул министерствоялъул квербакъиялдалъун, «Свое слово» цолъиялъ бахъараб Дагъистаналдаса режиссер, республикаялъул ветеринарияб управлениялъул специалист ГIабдула Бечедовасул «ГIи гочинаби» («Перегон») абураб фильмги.**




Фильмалъул режиссер ва сценариялъул автор ккола ГIабдула Бечедов, продюсерал – Анна Смирнова, Денис Соколов, Алексей Малечкин, оператор – Михаил Горобчук, техникияв редактор – Евгений Смирнов. Кино бахъун буго Хъумторхъала, Буйнакск, Хьаргаби, Гъуниб, ЧIарада, Шамил ва ЛъаратIа районазда. Съемкабазе бихьизабун букIана росдал магIишаталъул кооператив «Агрофирма «Сугъралъ». Гьелъул герой ккола гIияхъанлъиялъул магIишаталъул бригадир, ЛъаратIа районалъул Бежуда росулъа АсхIаб Рамазанов. Гьединго гьениб бицунеб буго ветеринаразул, гIи гочинабиялда цере гьез гьарулел ишазул, росдал магIишатазул нухмалъулезул хIалтIул хIакъалъулъги.

Фильм бахъулезул къокъаялъ, гIияда цадахъ, къойил нахъа толаан 10-15 километр. Гьедин гьезухъа бажарана гIияхъабазул гIумруги дандчIвалел захIмалъабиги рихьизарун.

Живго ГIабдулаца гьадин бицана кино бахъиялъул хIакъалъулъ:

- Дие бокьун букIана гIадамазда лъазабизе, бихьизабизе, рагIизабизе гIияхъанасул захIматаб пиша, хасго гIи гочунеб заманалда. Чанго соналъ цебеги хIалбихьун букIана дица фестивалалда гIахьаллъизе. Амма хIасил ккун букIинчIо. Гьале ахир-къадги Москваялдаса изну щвана фестивалалда гIахьаллъизе.

ГIияхъабаздаги гIиядаги цадахъ киса-кирего рукIана ниж. ХIалбихьи бугел гIухьбузда дандги бан, нижеца кагътиде босун букIана гIи чIолеб 32 бакI. Щибаб бакIалъул хаслъиги лъазабулеб букIана. Цин гIи къунцIула, цинги гьезие даруги гьабула. Ва рахъуна нухде. МугIрузул тайпаялъул гIиял бохдул щулиял рукIунел руго. Гьез нахъа тезе кколелъулха цIакъ захIматал нухал. Машинабазда лъунги баччизе бегьуларо къунцIараб гIи. Нагагь цIорой ккани, гьел хвезе рес буго. Гьел гочинаризе ккола, нухда батараб херги кваналаго. Цебе, умумузул заманалда, росулъан гIи унеб мехалда, росу тезегIан, росдал жамагIаталъ кумек гьабулеб букIун буго гIи цебехун бачине. Гьанже гьедин гьабулеб гьечIо. Амма загIипаб гIи машинабаз баччула.

Гьединабго, гьаб фестивальго гIадаб, тадбир тIобитIун букIана Крымалдаги. Диеги рес щвана гьенив гIахьаллъизе. Татарстаналдаса гIахьалчагIи рукIана кIудияб хIалбихьи бугел. Гьезулги кумек щванин абизе бегьула дие, кино бахъулелъул.

Нижеца кино бахъана, фестивалалъул киналго тIалабазде дандеккезабун. Бюджеталъул гIарцуда хадубги халккун букIунелъул, щибаб гъурущ сунда тIад хвезабизе кколебали хъван букIана. Гьеб кинабго кино бахъулезул къокъаялъ щвалде щун гьабиялъул хIасилги ккола фильмалъе фестивалалда щвараб шапакъат.

# РачIа рахьдал мацIалда диктант хъвазе!

ДРялъул Лъай кьеялъул ва Миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министерствабазул хIаракаталдалъун, 21 октябралда, сагIат 11 тIубараб мехалда, республикаялъул тIолго муниципалитетазда тIобитIизе буго «Дагъистаналъул халкъазул мацIазда диктант» абураб лъай кьеялъулаб акция. Тадбир хIадурун буго Дагъистаналъул халкъазул мацIал машгъур гьариялъул, миллияб гIадатгIамалгун бичIчIи цIуниялъул мурадалда ва нилъер халкъал цолъиялъул къо кIодо гьабиялъул хIурматалда.

Рехсараб къоялда рахьдал мацIалда диктант хъвазе буго магIарул, агъул, азарбайжан, дарги, лъарагI, лак, лезги, нугъай, гIурус, табасаран, тат, цIахур ва чачан мацIазда. Гьеб байбихьизе буго киналго районазда цого заманалда ва гьеб хъваялъе хIадурун руго хасал бакIалги.

Гьенив гIахьаллъизе бокьарав чияс хитIаб гьабизе ккола жинца гIумру гьабулеб бакIалда бугеб диктант хъваялъе хIадурараб пункталде. Гьел пунктазул сияхI лъун буго ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул сайталда **https:IIdagminobr.ruIpressI84419.**

***ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерство***

# Миллиял проектазе - информациялъулаб нур

«Информационное сопровождение национальных проектов» абураб цIаралда гьоркь, Дагъистаналъул халкъияб магIишаталъул пачалихъияб университеталда тIобитIана стратегияб сессия. Гьеб гIуцIана ва нухда бачана ДРялъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъул информациялъулаб управлениялъул ва ЦУРалъул хIалтIухъабаз, миллиял проектал гIумруялде рахъинарулел идарабазул вакилзабаз. Гьез бицаралда рекъон, миллиял проектаз гьоркьоре рачарал объектазул (700-ялде гIагарун) ва гьел тIураялъе биччараб гIарцул къадаралъул рахъалъ (2019-2024 соназда 113 миллиард гъурущ) Россиялда нилъер республика буго лъабабилеб бакIалда (Татарстаналдаса ва Нижний Новгородалдаса хадуб). Гьединлъидал цIакъго кIвар бугеб суаллъун ккола гьезул хIакъалъулъ лъазаби, жидер заманалда кинабго ахIвал-хIал загьир гьаби, гьеб битIун къватIибе кьей. Гьелде, гьелъие ругел ресазде ва хIалтIизарулел къагIидабазде буссинабун букIана сессиялъул аслияб хIалтIиги.

## РОСДАЛГО РОХЕЛ

# Балахьуниса хIафиз



Исана кIудияб лъугьа-бахъин ккана Унсоколо районалъул Балахьуни росулъ: Росдал школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъан, 14 сон барав Имангъазалиев ДавудхIажи вахъана хIафизлъун. Гьев жеги гьитIинго ругьунлъана хирияб Къуръан цIализе ва гIараб мацIалда хъвадаризе. Школалъул цIалуда цадахъго Къуръан рекIехъе лъазаби расги бигьаяб иш гьечIо, амма Аллагьас. кьураб гьунаралда цадахъ тIадчIараб хIаракатги бугони, хIасил ракIразияб кколеб буго. ДавудхIажил «лъалкIда» хадувго вачIунев вуго гьесул гьитIинав вац СайфулахIажиги.

***МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ***

ГІабдулмуслим ГІАБДУЛМУСЛИМОВ,
ДРялъул хІукуматалъул председатель

# «МагІишат - нилъер аслу, аслияб магІишат - росдал»

13 октябрь - Росдал магІишаталъул хІалтІухъанасул къо



**Щибаб соналъул октябрь моцІалда тІолабго Россиялда кІодо гьабула росдал магІишаталъул хІалтІухъабазул къо. Нилъер мугІрузул ва расалъабазул цоцаздехун бугеб щулияб бухьеналъулъ бихьула хасаб гІумрудулаб философия. Мугъ гьечІого чехь букІунареб гІадин, гьезулги буго жидерго хурхен. Нилъер тарихалде балагьани, гьелъ бицуна тІабигІаталда ва жамгІияталда кинал захІмалъаби кканиги, гьел цоцазе хІалае ратулеб рукІараб куц. ГІодоблъиялда бижараб пихъ ва бахчаязул культураби кидаго мугІрузул росабалъе щолаан, хисулаан гьел борхалъиялда рижулел культурабазухъ. МугІрузда хьихьун гІезабураб боцІи-панзалъул гьан, рахь, квас босулаан гІодоблъиялда ругел росабалъе ва гьениб бича-хисулаан. ЛъикІал гурел тІабигІиял шартІазул хІасилалда гІодоблъиялда ругел районазда ракьи ккани, гьезие кидаго хІалае ратулаан мугІрул ва магІарулал (гІицІго аварал гурелги). Гьелъул гІаксалда, магІарухъ квана-гьекъолел жалазул мукъсанлъи ккани, кумек бачІунаан гІодоблъиялдасан. Гьеб хурхеналъ щула гьабулаан миллатазул гьоркьоблъиги, цебетІолаан гьоболлъи-гьудуллъиги. Гьединаб буго республикаялъул росдал магІишаталъул хІалтІухъабазул къо бижиялъе рукІарал гІиллабазул цояб.**

## Дагъистан – аграриял субъектазул цояб

Нилъер республика буго Россиялъул аграриял субъектазул цояб. Росдал магІишаталъул культураби гІезаризе гьава-бакъалъул лъикІал шартІазул хІасилалда гьелъ щулияб бакІ ккола Дагъистаналъул экономика цебетІезабиялъулъ. Нилъер гІаммаб регионалияб хІалухъиналда гьелъ ккола 20 процент. Экономика щула гьабиялъулъ гуребги росдал магІишаталъ рес кьола халкъазул социалиял хІажалъаби тІуразаризеги. Дагъистаналъул росабалъ гІумру гьабулеб буго гІадамазул 55 проценталъ.

Жакъасел санкциязде балагьичІого, росдал магІишаталъул нигІматал гІезари республикаялда цебетІолебги буго. 2023 соналда гІаммаб хІалухъин гІезабун буго 2І2,3 млрд. гъурщиде. Гьединалго хІасилал ккеялде божи буго гьаб соналъул ахиралдеги. 1 сентябралде, араб соналъул гьабго заманалде дандеккун, исана гьел гІезари цІикІкІун буго 1,8 проценталъ, ай 84,4 миллиардалде. Узухъда, гьеб буго федералияб централдасан гьабулеб кумекалъул хІасилги. Щибаб санайил Дагъисталъе гьеб бутІа цебетІеялъе кумек гьабула 3 миллиард гъурщиде.

Жакъа, аслияб куцалда, росдал магІишаталъул хІалтІухъабаз кІвар буссинабулеб буго Россиялъул президент В. Путиница халкъалде гьабураб ХитІабалда 2030 соналде аграрияб рахъ 25 проценталъ цІикІкІинабизе кколин цебелъураб масъалаги тІубазабулаго, республикаялъул жанисел ресал гІатІид гьарун хІалтІизариялде.

## ЦІолбохъанлъи

Гьелъие гІоло кІвар кьолеб буго цІолбохъанлъи цебетІезабиялде. Дагъистаналда гІезабулеб буго тІолабго Россиялъулго гьеб нигІматалъул ункъо бутІа гьабун цо бутІа. ГІаммаб куцалда республикаялда цІибил гІезабула 27 азарго гектаралда. Гьелъул 23,5 азарго гаялдаса цІибил бакІарула. Араб соналда цІолбол ахал гІатІилъана 883 гектаралъ, исанайин абуни – 980 гаялъ. ЛъагІалил ахиралде цІибил гІезабулел ракьазул къадар бахинабизе буго 1264 гаялде. Жакъа къоялде бакІарун буго бакъулаб нигІматалъул 240 азарго тонна. Хасаб пикру буссинабулеб буго цІолбодаса батІи-батІиял кванил алатал гьарун, гьелдаса босулеб пайда цІикІкІинабиялде.

## Ахихъанлъи

Дагъистаналъе хасиятаб бутІалъун ккола ахихъанлъи. Республикаялъул 22,4 азарго гектаралда гІезарулел ахал хІалтІизариялъулъ хасал бакІал ккола батІи-батІиял инвестициялъулал проектаз. Хасго лъикІаб даражаялда гьел унел руго ООО «Полоса», ООО «Анжелина», КФХ «Сад» магІишатазда. Ахазул къадар буго 30,7 азарго га. Рехсараб «Полоса» ОООялъ «чинлъагІок» цІулакьо гІезабула 3000 гектаралда. Гьеб ккола Россиялда бищунго кІудияб ах. 2024 соналъул ахиралде планалде босун буго 230 азарго тонна пихъил бакІаризе. Россиялъ жибго пихъидалъун хьезабула гІицІго 44 проценталъ. Гьединлъидал ахихъанлъиялдехун нилъер букІине ккола унго-унгояб бербалагьи.

## ПиринчІ

ПиринчІ ккола Дагъистаналда бищун хех церетІолел культурабазул цояб. Ахираб щуго соналда жаниб гьеб гІезабулел ракьазул къадар цІикІкІана 34 проценталъ, ай бахана 34,7 азарго гаялде. Исана хІисабалде босун буго гьелъул гІаммаб бачІин 165 азарго тоннаялде бахинабизе. Россиялъул Росдал магІишаталъул министерствоялъ рахъккуна нилъер республикаялъ кьураб Каргъали гидроузелги къачІан, ччугІа хьвадулеб каналги батІа гьабун, пиринчІ лъалъазе рес кьолеб проект гІумруялде бахъинабизе.

Республикаялда руго пиринчІ гІезабиялда тІад хІалтІулел АО «Кизлярагрокомплекс», ООО «Нива», СПК «Риск», ООО «Кизляр Урицкий мясокомбинат», ООО «Мареновский» гІадал магІишатал. ЦебечІараб масъала буго гІезабураб тІощел цІуниялъе рукІине кколел ресал рукІинари. Жакъа ран лъугІулел руго цого заманалда 100 азарго тонна жаниб цІунулел цагърал.

## ГІи-боцІухъанлъи

Советияб улка биххаралдаса нилъер захІматчагІазда кІвана гІи-боцІул къадар дагьлъизе течІого цІунизе. Исана 1 сентябралде республикаялъул магІишатазул хІисабалда буго 970,8 азарго бетІер чІегІерхІайваналъул, гьезда гьоркьоса - 485,8 азарго гІака.

Хасаб бакІ ккола цІцІани гІезариялъ. Щибаб соналда нилъер магІишатазда гІезабула 36 азарго тонна лъикІаб даражаялъул гІиял гьан. Республика буго Россиялъул регионаздеги къватІисел пачалихъаздеги гьеб нигІмат кьолеб аслияб субъект. Амма жакъасел масъалабазул цояб ккола квасалдаса пайда босиялъул суал тІубазаби. Республикаялда щибаб соналъ гьелъул гІезабула 15 азарго тонна. Гьеб ккола тІолгороссиялда гІезабулелъул 30 процент. Цебе квас букІана гІи-цІцІаназул аслияб пайда кьолеб нигІмат, амма ахирал соназда гьелъ кьолеб хайир цІакъго дагьлъун буго. Республикаялъул жигарчилъиялдалъун гьеб суалги гьоркьоб лъун, халгьабун букІана РФялъул Советалда. Гьелъул хІасилалда кколел идарабазе тІадкъаялги кьуна. Божи буго квасул къимат букІине кколеб даражаялде бахиналде. Гьелдаго цадахъ Дагъистаналда жанибго квас хІалтІизабун, гьелдаса батІи-батІияб хІажатаб къайи гьабиялъе ресалги ратулел руго.

## ЧчугІихъанлъи

Республикаялда гІумруялде бахъинабулеб буго ччугІа гІезабиялъул рахъалъ 2023 соналъул 7 апрелалда республикаялъул хІукуматалъ тасдикъ гьабураб хасаб программа. Исана 9 моцІида жаниб ккун буго 22 азарго тонна. Гьелда гьоркьоса 20 азарго тонна буго Каспиялъул килька. Ккураб ччугІил къадар бахуна 6,7 азарго тоннаялде. ЧчугІа гІезабулел хІоразул къадар бахуна 13,3 азарго гаялде. Ахираб заманалда гІатІидго хІалтІизабулеб буго ччугІбузул консервал ва ханжу гьаби. ЧчугІил продукция дагьабги бигьаго халкъалъухъе щвезаби мурадалда, гьеб чІезабула шагьаразда гІуцІулел хасал ярмаркабазда.

## Масъалаби ва гІунгутІаби

Узухъда, гьел киналго рахъазда цадахъго росдал магІишат цебетІеялъулъ руго гІунгутІабиги. Гьединлъидал чара гьечІого хІажат буго республикаялъул продовольствияб хІинкъи гьечІолъиялъул программа щула гьабиялда хурхарал чІванкъотІарал тадбирал гІуцІизе. Гьелъул аслияб магІна буго хадубккун росдал магІишат цебетІей ракІчІараблъун букІинаби. Гьеб масъала тІубазабулаго, хІажат буго федералиял программабазда рихьизарурал гІелмиял цІилъаби хІалтІизари, боцІуе кьолеб кванде гъорлъе журалел гьаб заманалъул батІи-батІиял жал гІезари, хІажатал ветеринариял алатал рукІинари ва, аслияб жо, гьеб магІишатияб бутІаялъе кадраби гІезари. Жакъа нилъер, аслияб куцалда, росдал магІишат цебетІураб республикаялда, кІудияб мукъсанлъи буго гІияхъаби, дояркаби, ветеринариял тохтурзаби, агрономал, зоотехникал гІоларого рукІиналъ. Гьединал специалистазул 3000 чиясул хІажалъиги буго. Гьелъие ругел гІиллабазул цоябги, узухъда, харжал дагьал рукІин ккола.

Ругел гІунгутІабазул цояб бухьараб буго республикаялъул росдал магІишат техникияб рахъалъ хьезаби къадараб букІиналда. БукІине кколеб 42,8 азаргоялъул бакІалда магІишатазда буго 10,2 азарго техникияб алат, ай 25 процент. Гьединлъидал гьеб рахъалъ къваригІун буго хасаб «Техникияб ва технологияб чияда бараблъун гьечІолъи букІинабиялъул» федералияб программа гІуцІизе.

Рехсарал гІунгутІаби тІуразаризе нилъер къуват гІоларого гуро бугеб. ХІажат буго президент В. Путиница 2030 соналде церелъурал масъалаби тІуразариялъул мурадалда гьеж гурун хІалтІизе.

**Республикаялъул тІолалго росдал магІишатазул хІалтІухъабазда, захІматалъулъ щулиял бергьенлъабиги бергьараб сахлъиги гьарулаго, ракІ-ракІалъго баркула тІаде щолеб байрам. МугІрузул улкаялдаса киданиги камугеги росдал махІ гъорлъ бессараб хаслъиги, халкъал разияб гІумруги!**

# Салатавиялда - бахIарзазул данделъи

**7 октябралда Казбек районалъул Дилим росдал культураялъул рокъоб тIобитIана 1999 соналда халкъазда гьоркьосел хъачагъаздаса республика цIунизе къватIире рахъарал ополченцазул дандчIвай. Гьенире рачIун рукIана Казбек районалдаса гурелги, Болъихъ районалдаса ва МахIачхъала шагьаралдаса «Интербригадаялъул» ополченцал, СВОялъул гIахьалчагIи.**






Гьеб къоялъ гьавурав чи улкаялъул президент В. Путин вукIинги хIисабалде босун, гьел байрамалги цойиде ккезарун, районалъул ополчениязул цевехъан, Салатавиялъул бахIарчи Муса ГIазаевасул бетIерлъиялда гьоркь, гьениб тIобитIана кIудияб тадбир.

Гьелда гIахьаллъана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумаханов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Камилпаша ГIумаханов, ГIамир ГIазаев, Россиялъул ОМВ-Дялъул Ветераназул советалъул председатель, гьанже хIалхьиялда вугев подполковник Зайбодин ГIумаров, подполковникал Сагитсултан ХIажиев, Аюб Эльдаров, полковникал - Абубакар ХIамзатов, МухIамадхIажи Байсултанов, Шамил Темиргереев, Закир Гереханов, «Кавалер ордена мужества» медалалъе кIицIул мустахIикълъарав Арсен ХIусенов, Салатавиялъул бахIарзал ХIусен ХIамзатов ва Санкт-Петербургалдаса Сергей Ковалькин, Россиялъул мустахIикъав тренер ХIамзат ГIабасов ва гIемерал цогидалги.

«Жакъа гьаб данделъиялде вачIине щвеялдаса дун цIакъ вохарав вуго. Дун вукIана Хасавюрт шагьаралъул ополчениялъул нухмалъулевлъун, ГIазаевазда цадахъ нижеца гIемерал тадбиралги тIоритIана. Цадахъ къеркьана, лъикIаб-квешаб бихьана, цIунана нилъерго ватIан. Жакъа ватIан цIунарал гIолохъабазда баркизе щвеялдаса дун цIакъ вохаравги талихIавги вуго. Казбек районалъул гIолохъабаз кIудияб бутIа лъуна ватIан цIуниялъулъ. Нилъ цолъизе ккола! Цолъиялъ кинабго цебетIола, гьадинал тадбиралги гIемер гьаризе ккола. Гьелъ бицуна нилъер щулалъиялъул. Нилъеца хIаракат бахъизе ккола нилъерго ватIан тIегьазабизе, паркал, памятникал къачIан, гьезда сверухъ бакI берцин гьабун. ТIоцебесеб иргаялда, мугIалимзабазе ва тохтурзабазе харжал цIикIкIинаризе. ХIажаталъубе кIвараб кумек гьабизе. Гьеб кинабго буго нилъедаго бараб. Дица гьарула нилъер гIолохъаби бергьенлъабигун нахъруссин. Нилъ жеги къечIо лъикьаниги ва сункьаниги. Бергьенлъи нилъехъ буго. Киназего гьарула ракълилаб ва роцIцIараб зоб», - илан абуна Сайгидпаша ГIумахановас.

Жиндирго кIалъаялда С. ГIумахановас, Россиялъул президент Владимир Путинида гьавураб къоги баркулаго, дагъистаниял ахIана 1999 соналдаго гIадин цолъизе - диниялги дунявиялги гIадамал ратIа гьаричIого, махщалихъ, миллатазухъ, ресалъухъ балагьичIого, гIицIго республика цебетIезабиялъул пикруялда сверухъ цолъизе.

Залалда рукIарал гIолохъабазе гьес рецццги гьабуна, баркалаги кьуна ва бицана Салатавиялъул халкъалъул, имам Шамилил заманалдасаго бугеб бахIарчилъиялъулги, хIинкъи гьечIолъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ. – Жакъаги, хасаб рагъулаб операциялда районцоязул бищун цIикIкIараб къадар буго ва гьез бихьизабулеб бахIарчилъиялъул бицине хIалго кIоларо, - ян абуна Пачалихъияб Думаялъул депутатас. - Салатавия нужедаса чIухIарабги разиябги буго. Киса-кибего бицунебги буго нилъер гIолохъабазул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ.

Муса ГIазаевасги баркала загьир гьабуна ополчениязе ва хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел гIолохъабазе. РакIалде щвезабуна цадахъ рукIарал ополчениялъул гIолохъабазул 20 чи камунин, амма гьел кидаго кIочонарин ва кIоченеги гьечIин абун.

- БахIарзал холаро. Гьезул цIарал кидаго рукIуна халкъалъул рекIелъ, - яги абун, М. ГIазаевас баркала загьир гьабуна тадбир гIуцIизе квербакъаразе ва тIаде рачIарал гьалбаздериегун ракьцоязе.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

# Гугарухъабазе къучI гьанибги лъола

**8 октябралда Гъуниб районалъул Гьонода росулъ тIобитIана гьеб росулъа спорталъул мастерасул цIар щварав, мунагьал чураяв МухIамад АхIмадханов ракIалдещвеялъул хIурматалда, эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъулаб турнир.**

**Исана кIиабилеб нухалда тIобитIана гьединаб даражаялъул тадбир Гьонода росулъ. Турниралде рачIун рукIана ЧIарада, Унсоколо, Болъихъ, Шамил районаздаса ва гьединго МахIачхъалаялъул ГI. СагIадулаевасул цIаралда бугеб спортшколалдаса гугарухъаби.**




ИчIго сон баралдаса 18 сонил ригьалде рахарал гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб турнир букIана гьеб. ТIаде балагьун жеги ракьа-гьанцин лъикIаланго къвакIичIел гIолилал жеги тIуранго гьорлъе ккун ратиларин гугарухъанасул захIматаб махщалие абун кканиги, гIажаиблъизаричIого хутIичIого ургуялда гьезул церерахъиналъухъ балагьидал.

ЧIахIи-чIахIиял турниразда нилъеда халлъулеб гIадаб сурат букIана гьеб къоялъги Гьонода спортзалалъуб. КIиго ургуялда хис-хисун церерахъунел гIисинал гугарухъабазде буссун букIана киназулго пикру. БокIнилъан малъа-хъваял гьарун ахIдолев тренерасул гьаракьги, гьудул-гьалмагъзабазул ахIи-хIурги, щванкьелел, ахIделел, гIодоб зар бан, зодоб мал бан жидерго кьерилас бергьенлъи босун кинабго кIочон тун ургуялде пикру буссаразул кIвар кьураб балагьиги - гьеб кинабго цоцалъ бессун букIана.

ХIалуцарал дандчIваял рукIана финалалда ва бащдаб финалалъул къецазда. Бергьенлъиялде бугеб шавкъги, щиб рес батунги дандиясухъа бергьенлъи бахъизе къеркьолел, дандчIваялъул ахирисел секундазда кинабго хIалги жанги данде бакIарун тIокIлъи босизе хIаракат бахъулел гIисинал гугарухъабиги рукIана.

Киналго бергьаразе кьуна хIурматиял грамотабиги, къиматал кубокалги, гIарцул шапакъаталги.

Балагьаразе бищунго асар гьабураб гугариялъухъ ва 15 секундалда жаниб бергьенлъи босаралъухъ, 36 кг цIайиялда бергьарав Гьонодаса ГIабдулхIамидов Шамилие, киналдаго тIадеги кьуна хасаб сайгъат – тагьи.

Турниралъе спонсорлъи гьабуна Гьонодаса меценатал Абакаров МухIамадица ва МухIамадов Исламица.

ТIоцебесеб бакI босарасе 10 000 гъурущ, кIиабилеб бакIалъухъ - 5 000, лъабабилелъухъ – 3000 гъурущ щвана.

Жиндир цIаралда гьеб турнир тIобитIарав, мунагьал чураяв МухIамад АхIмадхановас гIемерал гIолохъаби ругьун гьаруна Гьонода гугариялъе. Гьезда гьоркьоса чангоял рахъана районалъул ва республикаялъул чемпионаллъун, гьединго, чIел босана Северияб Кавказалъул зоналияб къецазда.

Жакъаги гьес куцан гIурав Мурад ГIабдулхIамидовас ругьун гьарулел руго росдал гIолохъаби гугариялъе. Гьесул гIолилаз щибаб соналъ гIахьаллъи гьабула районалъул ва республикаялъул къецазда ва гьенир цересел бакIалги росула.

Гьеб къоялъ Гьонода тIобитIараб турниралдаги гьес куцалел ругел гIисинал гIолохъабазул ункъояс босана тIоцебесеб бакI.

Щиб лъалеб, сонал ун хадуб гьезул цонигиясул цIар нилъеда рагIизе батила дунялалъул ва Европаялъул къецазда. Гьелда чIечIого гугарухъабазул Олимпги квегъун, цIияв чемпионасул цIарги босун ватIаналдеги нахъруссунел рихьила гьел.

Гьонодаса мугьажирзабазул МустIафа Дагъистанлил цIарги дунялалда машгьурлъана цониги нухалъ къей лъачIев речIчIухъан хIисабалда. Машгьурав ракьцоясул гьунар такрар гьабизе тавпикъ кьеги гIисинал гугарухъабазе.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# ЦIалдезе бокьулезул байрам

**4-6 октябралда МахIачхъалаялда Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб хIухьбахъиялъул ахикь тIобитIана «Тарки-Тау - 2024» абураб цIаралда гъоркь Северияб Кавказалъулаб халкъазда гьоркьосеб тIахьазул XI-абилеб фестиваль. Гьеб рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, Информациялъул ва печаталъул агентствоялъул нухмалъулев ГIабдуразакъ Жамалудинов, тIахьазул выставкаялъул гIуцIарухъан, «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор Марат ХIажиев, улкаялъулго батIи-батIиял регионаздаса хъвадарухъаби, басмаханабазул вакилзаби ва цогидалги. «Тарки-Тау - 2024» фестиваль тIобитIана ДРялъул информациялъул ва печаталъул агентствоялъ ва «Дагъистан» журналалъ, «ЦIалдолеб Россия» абураб тIахьазул фестивалал тIоритIулеб ассоциациялъул кумекалдалъун.**

**Ярмарка-фестивалалда лъун рукIана ахираб заманалда Дагъистаналъул ва цогидалги регионазул издательствабаз къватIире риччарал тIахьал.**

**ТIахьазул фестиваль тIобитIулеб буго 2012 соналдаса нахъе. Россиялъул ва къватIисел пачалихъаздаса анцI-анцI издательствабаз гIахьаллъи гьабулеб халкъалда гьоркьосеблъун лъугьана гьеб тадбир. Исана гьелда гIахьаллъана 50-ялдаса цIикIкIун издательство. Гьезда гьоркьор рукIана Турциялдаса, Югалъулаб Осетиялдаса ва Ираналдаса вакилзабиги.**

**Исанасеб сон Дагъистаналъул халкъияв шагIир Сулейман Стальскиясул сонлъун лъазабун бугелъул, шагIирасул творчествоялда хурхарал тадбиралги рукIана фестивалалда.**



## Дагъистаниязе Дагъистаналъул хIакъалъулъ

«Тарки-Тау - 2024» халкъазда гьоркьосеб тIахьазул фестиваль-ярмаркаялда «Дагъистан» пачалихъияб издательствоялъ церелъурал тIахьазул хIакъалъулъ бицана редактор Альпият ХIажиеваль.

«Нижеца къватIире риччала Дагъистаналъул хIакъалъулъ хъварал тIахьал. Гьелги рукIуна сайгъаталъе кьезе росулеб хIалалда берцинго къачIарал. Исана къватIире риччарал тIахьазул бищунго аслияблъун ккола Сулейман Стальскиясул данде гьарурал асаразул тIехь. Гьеб къватIибе биччана гIурус ва лезги мацIазда. Гъоркьиса Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялдеги нижер издательствоялъ къватIибе биччан бук1ана 20 батIияб тIехь. Гьезда гьоркьоб буго магIарул мацIалда бахъараб Расул ХIамзатовасул кучIдузул 10 томги. Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда буго нижер тIахьал ричулеб тукенги», - ян.

«Тарки-Тау - 2024» халкъазда гьоркьосеб тIахьазул фестивалалде рачIун рукIана «Край родной» абураб проекталда рекъон тIахьал, хIалтIул тетрадал къватIире риччалеб «АСТ-Пресс школа» издательствоялъул вакилзабиги.

Республикаялдаго исана, тIоцебесеб классалде унел цIалдохъабазе сайгъатлъун лъугьана «АСТ-Пресс школалъ» къватIибе биччараб «Мой Дагестан. Край, в котором я живу» абураб тIехь ва хIалтIул тетрадь. Рехсараб проект гIумруялде бахъинабиялъул пикру загьир гьабун букIана ДРялъул бетIер Сергей Меликовас. ТIехь басмаялда бахъизе хIадурун буго М. ХIажиевас ва Т. Просняковалъ.

«Мой Дагестан. Край, в котором я живу» абураб тIехь буго тIоцебесеб классалъул цIалдохъабазда гIагараб ракьалъул маданияталъул, гIадатазул, тарихалъул, рукIа-рахъиналъул хIакъалъулъ малъизе квербакъулеб цIалул пособие. ХIалтIулал тетрадазда тIадкъаял кьун руго учительгун цадахъ творческиял хIалтIаби гьаризе. «Край родной» абураб проекталда рекъон, гьединалго тIахьал къватIире риччала улкаялъул цогидал регионазул хIакъалъулъги. ГIагараб ракьалъул хIакъалъулъ гьитIичазда бицунеб тIехь электроннияб къагIидаялдаги кьун буго «Мойдагестан.онлайн» абураб сайталда», - ян бицана «Край родной» абураб проект цебетIезабиялъул рахъалъ директор Инна Сабуроваль.



ТIахьазул фестивалалъул ва жидецаго гьениб гьабулеб гIахьаллъиялъул хIакъалъулъ бицана Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъул директор Марина ГIумароваль. Исана гьез къватIибе биччан буго магIарул мацIалде таржама гьабураб Лев Толстоясул «ХIажимурад» абураб роман. Гьединго фестивалалъул базаралда бичулеб букIана исана магIарул мацIалда къватIибе биччараб ГIумархIажи Шахтамановасул данде гьарурал асаразул тIехьги.

## ГIисиназегун чIахIиязе пайдаяб

Фестивалалда рекъон гIуцIараб базаралда букIана, тIахьал гурелги, музеяз, художествиял галереяз ва хасал школаз цебелъураб къайиги.

«Тарки-Тауялде» жиндирго хIалтIаби рачIун рукIана режиссёр, документалиял фильмазул автор ГIабдула Бечедовасги. Машгьурал дагъистаниязул хакъалъулъ 75 видео-фильм лъун букIана гьес выставкаялда. Авторасул киналго хIалтIаби руго гьесул хасаб ютуб-каналалдаги.

«Эпоха» издательствоялъул рукъалъул директор Хадижат КъурахIоваль, №50 школалъул байбихьул классазул учительница Мадина ХIамзатовалъгун цадахъ, «Тарки-Тауялда» гIуцIун букIана лъималазе программа. ЦIиял тIахьал рихьизе ва росизе гуребги, цIалдохъабазе рес букIана лъималазе тIахьал хъвалей Наира Алидесилгун лъай-хъвай гьабизеги. Гьез Дагъистаналъул пачалихъияб филармониялъул риидалил залалда гIуцIун букIана гьитIичазе концерт ва рекIелгъеялъулаб программа. Тахшагьаралъул батIи-батIиял школазул цIалдохъабаз жидерго творческияб гьунарги бихьизабуна сценаялдасан.

## Бищунго лъикIаб тIехьалъул къец

ТIахьазул фестивалалда кидаго гIадин тIобитIана бищунго лъикIаб издательство ва тIехь бихьизабулеб къецги.

«Тарки-Тау - 2024» бищунго лъикIаб тIехь» абураб къецалда бергьана ва «Гран-приялъе» мустахIикълъана «Эпоха» издательствоялъул рукъ. Гьез къватIире риччана ва фестивалалда цере лъуна лъималазул хъвадарухъан Наира Алидесил маргьабазул тIахьал.

Кинабниги 12 номинациялда рекъон, тIаса рищана къецалъул гIахьалчагIи. Рахьдал мацIалда къватIире риччарал тIахьазда гьоркьоб бергьенлъи босана «Дагъистан» пачалихъияб издательствоялъ. Гьез къватIибе биччана Сулейман Стальскиясул кучIдузул мажмугI. 135 издательствоялъул 1200 тIехьалъ гIахьаллъи гьабураб къецалда лъикIаб къимат кьуна Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде «Дагъистан» пачалихъияб издательствоялъ къватIире риччарал тIахьазе.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХАМАДОВА***



Тимур МУХIАМАДОВ:

# «Цого бакI мерхьунел ругони, хIасил кколаро»

## ГIурус театралъ 100 сон тIубаялде

**АнцIигогIан соналъ цебе М. Горькиясул цIаралда бугеб ГIурус театралъул нухмалъулевлъун тIамуна Тимур МухIамадов Болъихъа ккола гьесул умумул. Гьев вачIаралдаса гIезегIан хиса-басиялги ккана театралда. Абизе кIола, ГIурус театр нилъер маданияталъул жавгьарлъун кколин. Сверухъ ругезухъ гIинтIамизе, гIузрабигун къеркьезе, «басриябги цIунун, цIияб кквезе» гьесул бугеб бажариялъул кIудияб кумек гьабула театралъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялда нухда бачине. Коллективалъул божилъиялъги, халкъалъул баркалаялъги бицуна гьес театралъулги халкъалъулги рекIелъе битIараб нух батиялъул. Нижергун букIараб гара-чIвариялда гьес бицана жакъа театралда бугеб ахIвал-хIалалъулги, дандчIвалел захIмалъабазулги, театралъул бергьенлъабазул балъголъабазулги хIакъалъулъ.**



**- Тимур, жакъа ГIурус театралъ тIубазабулеб бугеб тIадаб борчалъул бицани бокьилаан.**

- Республикаялъул халкъалъе эстетикияб тарбия кьеялъулъ ва гIун бачIунеб гIелалъул культураялдехун рокьи бижизабиялъулъ кIудияб бутIа лъола ГIурус театралъ. ЦохIо халкъалъул рекIелгъеялъул мурадалда гуребги, театралъул борчлъун ккола халкъалъе лъайгун тарбия кьей, батIи-батIиял культурабазул бухьен ва магIна гьезда бичIчIизаби. Хасго кIвар буго гIун бачIунеб гIелалъулгун хIалтIи гьабиялъул. Жакъа аслияб куцалда зрителал ккола гIолохъанаб гIел. Гьел битIараб рахънире ккезари буго нижер масъала. Гьединлъидал ахирал соназ нижеца кIудияб хIалтIи гьабулеб буго хIалкIун гIолохъанаб гIел театралде цIазеги. Гьелдаго цадахъ кIвар кьола гIурус мацI цIуниялде ва сценаялдасан гьеб халкъалъухъе кьеялде. Гьеб театралда кьучIдасанго букIараб жо бугониги.

**- 10-15 соналъ цебегицин бащдаб зал цIечIебги мех букIунаан театралда. Жакъайин абуни, белтал росизе щвечIеб мехги ккола…**

- Дир пикруялда, гьеб бараб буго жакъасеб жамгIияб ахIвал-хIалалда. Ахирал соназда батIи-батIиял захIмалъаби дандчIваялда бан, халкъалъе бокьулеб буго ракIбичиялъе культуриял тадбиразде хьвадизе. Гьелъ кIудияб квербакъи гьабула маданият цебетIезабиялъул мурадалда гьабулеб хIалтIуе. Нижеца хIаракат бахъула цохIо спектаклял рихьизарун гуребги, батIи-батIиял тадбирал, фестивалал, творческиял дандчIваял тIоритIизеги.

**- 2019 сон Россиялдаго лъазабун букIана Театралъул лъагIеллъун. Гьелъул кIудияб кIвар букIана ГIурус театралъеги. Сундалъун гьеб сон ракIалда чIараб?**

- Узухъда, гIемерал ресал щвана театралияб хIалтIи цебетIезабиялъе ва цогидал регионазулгун культуриял бухьенал щула гьаризе. Нижеца тIоцебе тIобитIана Каспиялъул рагIаллъабазда ругел пачалихъал гIахьаллъараб халкъазда гьоркьосеб миллиял театразул фестиваль. Гьелда рихьизарурал спектакляз бицунеб букIана щибаб миллаталъул рухIияб бечелъиялъул, драматургиялъул, халлъана миллиял театрал церетIеялъе ругел ресал.

Гьединабго кIвар бугеб тадбир букIана халкъазда гьоркьосеб театралияб форум. Гьелъул гIахьалчагIазда гьоркьор рукIана РФялъул мустахIикъал артисал ва режиссерал, къватIисел пачалихъаздаса (Азербайжан, Египет, Югалъулаб Корея, Сирия, ОАЭ) рачIарал махщелчагIи.

ГIахьаллъана тIолгороссиялъул театралияб марафоналдаги. Театралъул лъагIелалъул гIаламат нижеца кьуна Сыктывкаралдаса махщелчагIазухъе.

Гьеб соналъ тIоритIарал батIи-батIиял тайпабазул тадбираз кIудияб квербакъи гьабуна цохIо нилъер пачалихъалъул гурелги, улка бахун къватIир ругел театразулгунги бухьенал щула гьариялъе.

**- Нужер кинаб бухьен букIунеб нилъер улкаялъул театразул коллективазулгун?**

- Гьеб рахъалъ бергьун кIудияб хIалтIи гьабулеб буго. Масала, Комиялъул, В. Савинил цIаралда бугеб академикияб театралъулгун нижер гьудуллъиялъулаб бухьен буго. 2020 соналъ гьел рачIун рукIана нижехъе гьоболлъухъги. Дида ккола, хадурккунги рукIинин нижер гьединал цадахъал тадбиралилан абун.

Бухьенал щула гьариялъе квербакъи гьабуна нижеца тIобитIулеб «ГIурус сцена» абураб кIиго лъагIалида жаниб цоцIул тIобитIулеб фестивалалъ. Гьелда гIахьаллъула батIи-батIиял регионаздаса театрал. Масала, Москваялдаса, Санкт-Петербургалдаса.

«Большие гастроли» абураб проекталъул кумекалдалъун нижее рес щола нижерго спектаклялгун батIи-батIиял бакIазде церерахъинеги, нижерго сценаялда гьалбал къабул гьаризеги.

Ахираб кIиго соналда жаниб нижер сценаялдасан церерахъана Калугаялъул драмаялъул театр, Ивановалъул музыкалияб театр, Ярославлялъул Ф. Волковасул цIаралда бугеб Россиялъул академикияб театр ва Тюменалъул кIудияб драмаялъул театр.

**- Кинал премьераби лъурал ахирал соназда ГIурус театралъул сценаялда?**

- Дида кIола киналго премьераби цояздаса цоял лъикIал рукIанин абизе. ХIукуматалъул тIадкъаялда рекъон, щибаб соналъ нижеца санайил къватIибе кьола ункъ-ункъ спектакль. РакIчIун абизе кIола, кинаб спектакль лъолеб бугониги, сценаялде рахъунел артистазги, сцена тун къватIир хIалтIулезги, кIудияб кIвар кьолин спектакль букIине кколеб даражаялда бихьизабиялде. Ахирал соназда нижеца рихьизаруна комедиялги, драмабиги, музыкалиял ва лъималазул спектаклялги. Щибаб спектакль гIадамазги лъикI къабул гьабуна. Масала, В. Розовасул «Мальчики», М. Горькиясул «Васса Железнова», А. Чеховасул «Чайка», Р. ХIамзатовасул «Остров женщин» ва гьел гурел цогидалги.

**- Мун нухмалъулевлъун тIамуралдаса анцIго сон бана. ГIурус театралъул цIияб тарих хъ**валеб букIин халлъулеб бугищ?

- Нижеца кIудияб кIвар кьола гIурус театралияб школалъул хаслъаби цIуниялде, ГIурус театралъ нахъа тараб нухалде. Амма, узухъда, гьелдаго цадахъ ниж церетIолел ва гIезегIанго хиса-басиялги кколел руго. Ниж кидаго театр цебетIеялъе ресал, шартIал ва нухал ралагьиялда тIад ургъулел, хIалтIулел рукIуна. Театралъул щибаб инструмент камил гьабиялде кьола кIвар – театр техникияб рахъалъ хьезабиялдаса бахъараб халкъалда гьоркьоб театралияб искусство цебетIезабиялде щвезегIан. ЦIакъго кIудияб кIвар кьола лъай кьеялъул бутIаялде.

**- Гьелъги батила, ГIурус театралъул квербакъиялдалъун 2021 соналда Северияб Кавказалъулго культурияб форум тIобитIарабги.**

- Гьеб тадбир тIобитIиялъе нижее кумек гьабуна ДРялъул хIукуматалъ ва Культураялъул министерствоялъ. Нилъер республикаялда маданияталда сверухъ гьабулеб хIалтIуе нухмалъи гьабулезе рес щвана Россиялда театралияб искусство цебетIезабиялда тIад хIалтIулел экспертазулгун бухьен кквезе. Гьездасан пайдаял малъа-хъваялги щвана.

Гьединал тадбиразда нижеца театралиял вузазул студентазе, актеразе, режиссеразе, художниказе, гримеразе тIоритIула батIи-батIиял мастер-классал ва лъай камил гьабиялъул курсал.

**- Театралияб труппаялъул кьучI кинаб бугеб? Актеразул гIунгутIи бугищ?**

- Балагьаразда лъикI лъала анцI-анцI соназ нижер сценаялда спектаклязда ролал хIалел – ДРялъул халкъиял артистал Ирина Давидьянц, Владимир Мещерин, Любовь Данилова, Алексей Тимохин, РФялъул мустахIикъав артист Имам Акаутдинов гIадал актерал. Гьел руго театралъул цIваби. Руго гIезегIан хIалбихьиги гьунарги бугел гIолохъанал актералги – Алина ГIабдулгъаниева, Артур ЖахIбаров, Руслан Мусаев, Мадина Къадиева. Киналго рехсезе хIал кIвечIониги, нижер актерал руго гьунарги, бажариги, хIалтIизе гьираги бугел. Ахираб заманалда гIолохъанал актералги рачIунел руго. Гьезда гьоркьор руго Б. Щукинил цIаралда бугеб театралияб институталъул ва ДГУялъул выпускникал. Гьединго нижехъе рачIуна Москваялдаса, Белгородалдаса, Стерликамалдаса, Казаналдаса, Псковалдаса артистал ва Москваялдасагун Санкт-Петербургалдаса режиссерал. Масала, Оренбургалъул искусствоялъул институтги лъугIун нижехъе рачIарал артистал жакъа нилъеда гIемерисел спектаклязда гIахьаллъулел рихьула. Гьединлъидал, артистал гIоларого ниж ругин абиларо, амма цо-цо камиялги ккечIого хутIулел гьечIоха. Дагьалъ цебе нилъедаса ратIалъана ДРялъул халкъияй артистка Татьяна ГIалиева ва ДРялъул мустахIикъай артистка Елена Чистякова.

**- Кинаблъун дуда бихьулеб ГIурус театралъул труппа 10-15 соналдасан?**

- ГьабсагIаталда нижеца кIудияб хIалтIи гьабулеб буго гIун бачIунеб гIел театралияб искусствоялде цIазе. Санайил тIоритIула батIи-батIиял фестивалал, конкурсал. Гьениб гIолохъабазе рес щола жидерго гьунарги махщелги бихьизабизе. Гьединго исана нижеца рагьана лъималазул театралияб студия. Дида ккола, гьелъги хадубккун лъикIаб хIасил кьелин абун.

**- Сундаса чIухIизе бегьулеб жакъа ГIурус театр?**

- Санайил нижеца гIахьаллъи гьабула театралиял фестивалазда. Ниж шапакъатал камун тIадги руссунаро. ЦохIо зрителазулги гуребги, нижерго пишацоязулги критиказулги къиматалъул кIудияб кIвар буго. Ахирияб заманалда театр лъугьун буго режиссеразе театралияб лабораториялъун. Гьез гьанире цIалел руго улкаялдасаго гIолохъанал гьунарал – режиссерал, драматургал, художникал. Гьединго нижехъе гIемер рачIуна театралиял экспертал, критикал.

**- ГIурус театралъул бергьенлъабазул балъголъи сундулъ бугеб?**

- БитIун бицани, цого бакIалда чIезе бокьуларо дие. Нухмалъулев хIисабалда цеветIеялда тIад хIалтIичIого вукIине хIинкъизехъин вуго. Дица кIвар кьола щиб букIаниги цIияб-лъикIаб лъазабиялде, профессионалияб лъай борхизабиялде. Гьединго ракIчIун абизе кIола, жакъа къоялде щвезегIан дие щванщинал бергьенлъаби – гьеб дир коллективалъул бажариялъулги хIалтIулги кумекалдалъун бугин. Гьел киналго руго кутакалда жидерго хIалтIиги бокьулел, кIвар кьун гьебги нухда бачунел гIадамал. Гьелъухъ гьезие кIудияб баркалаги буго.

***Анжела ХIАСАНХIАЖИЕВА***

# Корониб лъун кьегIер хинлъизабурал

## Мусаласул АхIмадилги Абакарил ХIажиясулги гIумруялдаса ракIалдещвеялги «Нохъода хутIаразул» кечIги

**«ГIи баркат бугеб боцIи буго, дир вас, алжаналъул боцIийиланги абула гьелда. Гьанги гьезул, квасги гьезул, хIанги гьезул. ГIи рехун тоге дуца, мун гьелдаса пашманлъиларо». Муса МухIамадовасул машгьураб «Къисас» романалда херав вехь Дарбишица Салимиде аманат гьабун абурал рагIаби гIемерал ракIалде щола дида гIумрудул нухда.**

**ГIиявехьасул гIумру дие кидаго балъголъилъун, гьелдаго цадахъ дун урхъараб пишалъун букIана. Ракьалда гIумру байбихьарав, Адам аварагасул лъимал, Гьабилица гIиявехьлъиялдаса, Къабилица хурухъанлъиялдаса байбихьана тIоцебе ракьалда яшав. Гьелдаса нахъе ракьалдаса тIагIинчIо гIиги, гьезул тIалаб-агъаз гьабулев вехьги. Ракьалда гIумру бугебгIан мехалъ чара гьечIого хIажатаб пишалъун букIана ва буго хур бекьиги, гьениса тIощел бакIариги. Инсаният чIаго бугебгIан мехалъ гьелги рукIина нахъе, ИншаАллагь.**

Дирго инсул росулъа гIадатиял гIиял гIухьбиги вехьги ракIалде щун рорчIарал пикраби руго гьел. Гьал гIагарал къоязда 18 сон сверула гьезул цояс гьаб дунялалъулгун къо-лъикI гьабуралдаса.

Мусаласул АхIмад! Дида гьев кидаго цеве вуго, гIадатияв, чIухIи гьечIев, гIумруги магIишатги берцинав гIияхъан. Гьесда цадахъ ракIалде бачIуна дирго лъимерлъи, гIагараб росулъ гIадатияб хасалил къо, маркIачIул гIуж щолеб мехалъ цебе жиндирго рехъенги къотIун къавутIе тIадвуссун вачIунев АхIмад. Гьесул аваданаб релъи жакъаги бугин ккола рагIулеб. РакIалда буго, гьитIинав чиясе дие гьес сайигъат гьабураб беричаб кьегIер. Кинабго ракIалда буго, кIочон тезе рес гьечIелъул гьединал, иман бугел гIадамалги гьезул лъикIал пишабиги.

Жиндирго гIумру гьес насиб гьабуна, гIадатияб, амма бищунго къадруял хъулухъазул цоялъе. Жакъа нилъеда сверухъ бугеб ракIгъанцIизабулеб вахIшилъиги, сунцаниги чурун бахъинарилан кколеб чороклъиги, гьаб ахIи-хIурги гьечIеб замана кьуна гьесие Аллагьас. Нилъецаго ургъараб гIадаб, щибниги берцинлъиялъул нур гьечIеб дунялалда гIумру тIамизе щвечIо гьев баракатав инсанасе. Аллагьасул цIобалъ щвечIо. Гьесул гIумру жакъа дунги цогидалги бахилаб, баракаталъ къвал бараб букIана. Гьайбатаб тIабигIаталъул берцинлъиялъ сверунги ккун, вехьасул тIилидеги вегун, рогьалилгун дандчIвайги гьабун, кьиндалил халатал, цIорарал сардал гIиязе рорчIухъанлъи гьабулаго рогьун, хасало гьабураб кьегIер буртинадукьеги бачун хинлъизабулаго ана гьесул гIумру. Щибаб къоялъ, жакъа нилъее щолареб, бацIцIадаб, гIансигIан цIорораб иццул лъимги гьекъезе щун, «химия гъорлъ буцичIеб», татуяб квенги кваназе щун ана гьесул сонал.

АхIмадие кидаго хирияб букIана НикIикь нохъо. Гьагъадеридаги гьонодисездаги гьоркьоб гIорхъода бугеб бакI ккола гьеб. ГIазу-цIад байдал гIи жанибе къотIизе кIудияб нохъоги, рехьен кваназе гIураб гIатIилъиги бугеб бакI ккола гьеб. ГIемерисел сонал гьенир ана АхIмадил. Чанги вохарабги къваридабги къо гьениб тIамуна вехьас. ГIиязул гьадиялде ракIги гьезабун, вехьасул тIилиде ургъелги чучун.

Кин доб кочIолъ букIараб:

**«Гьале мугIрул, гьале гIи,**
**ГIищкъу бугес босе тIил!»** - абун гурищ? Халкъиял кучIдузулъ чан ругел гьединал мугIрул вехьасул хIакъалъулъ мухъал. Гьединго босе ХIажи Гьазимирзаевасул машгьураб вехьасул кечI:

**Дун магIарда вуго, гIияда вуго**
**ГIищкъу ккаралдаса рикIкIада вуго.**
**Къаси чодрол кIалтIа ворчIухъанги тун,**
**Цо йокьулелъухъе щвезе къасд буго…**

МагIарул шагIирзабаз гIемерал кучIдул сайгъат гьаруна гьезул бахIарчияб хъулухъалда ракI бахиллъун. Совет хIукуматалъ кIудияб къадруялда цIунарал гIадамал рукIана гIухьби. Гьезул хIаракаталдалъун щолеб гьанги, хIанги, квасги, хазина букIаралъул халкъияб магIишаталъе. Жакъаги буго гьеб бергьун кIудияб хазиналъун. Хасго Евросоюзалъ гъорлъе рачарал, ахIмакъал пачалихъаз санкциязул цIадги базабун, нилъер улкаялъулгун кьал ахIараб мехалъ, цIидасан гъираялда бицине байбихьана гIияхъабазулги, хурухъабазулги. Гьезул яшавалъ хьихьизе бугин инсаниятилан абураб божараб пикру буго жакъа хIукуматалъул нухмалъудаса байбихьун чанги чиясул. ХIакъикъаталдаги гьедин бугелъул. Гьел гьеб инсаният хьихьун бажарулеб хъулухъалъе кьуна Гьонодаса Мусаласул АхIмадица жиндирго тIолабго гIумру. «50 соналъ ккунин жиндица вехьасул тIил кодоб», - илан кIудияб къадруялда абулаан гьес. Гьеб 50 соналда жаниб чан чияседай щвараб баркат, гьес хьихьун гIезабураб кьагIрил?

Гьесул вас, Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулевлъун вукIарав машгьурав шагIир Му-




МагIарул шагIирзабаз гIемерал кучIдул сайгъат гьаруна гьезул бахIарчияб хъулухъалда ракI бахиллъун. Совет хIукуматалъ кIудияб къадруялда цIунарал гIадамал рукIана гIухьби. Гьезул хIаракаталдалъун щолеб гьанги, хIанги, квасги, хазина букIаралъул халкъияб магIишаталъе. Жакъаги буго гьеб бергьун кIудияб хазиналъун.

хIамад АхIмадовасул «Росулъа кагътал» абураб кочIолъ руго гьадинал рагIаби:

**МагIардаса эмен вуссунеб мехалъ**
**Цадахъ бачIунаан гьанал къулагIи.**
**КъотI-къотIун бикьизе, бикьун къотIизе**
**Мадугьалзабазе щвезабулаан»,** - абун.

Гьединав ракIги кверги сахаватав инсан вукIана АхIмад.

Гьесдаго цадахъ ракIалде вачIуна гьевго гIадин гIемерал соназ гIиязе хъулухъ гьабун гIумру тIамурав дир мадугьал Абакарил ХIажияв.

Рии тIасамагIарда бугеб мархьудаги тIамун, хасало гIиязда цеве росдал магъилъ вихьулаан гьев кьиндалил квачарал къояз. Дида лъалеб мехалъ ХIажияв гIиязе гьабулеб хъулухъги тун рокъове вуссарав, къанагIат гурони къватIиве вахъунарев чи вукIана. Богорукъалъул къед гIодобе-эхеде цIураб хьонбакIги, хьонбакIида тIад какикьжоялда чIумал цIалулевниги, зикру бачуневниги, тIаде рачIаразе насихIат цIалулев ХIажиявги. Рукъ цIурал гIадамазда гьоркьор, хIухьелккун гьесухъ гIенеккарав гурони, эхеде ворхун кIалъалев чи вукIунароан.

Цоги, ХIажияв дида ракIалда вуго, росулъ чи хванин рагIарабго къвалакь Къуръанги ккун гьаругьин хабалалъе къокъунев. Кверкьовуда ратарал чагIазда зигараги бан, хабал рокъове жаниве арав гьев нагагьги къватIиве ваккун вихьулароан. Чи хварабго, гьесул рухIалдаса Къуръан цIализе вилълъинарищан абизе кколароанила гьесдаян бицуна чIахIиял чагIаз. Гьединав, кинабго гьаулшебщинаб гIамалго цогидазе мисалияб инсан вукIанин абизе бегьула гьесда.

Ракъул заманаялъ, рокъов бихьинчи гьечIого квачIакълъиялда хутIарал къоролручча базе хурзалги рекьулаан гьес. Гьединав иман кIудияв, гIумру гIажаибав, хьвада-чIвади берцинав инсан вукIана Абакарил ХIажияв.

Жакъа гьединал гIадамал къанагIат гурони хутIун гьечIо. Чанги лъикIал, иман бугел чагIи камуна гьал соназ дир росулъа. Гьез цадахъ босун араб гIадин гьаб ракьалдаса дагь-дагькккун лъугIулеб буго берцинлъиги, баракатги, рохелги, адаб-хIурматги. Кинабго лъикIабщинаб, иман бугебщинаб мукъсанлъулеб буго берда цебе. Гьебги рекIее гIечIого бицен кканщиналъуб гьелъул бицунел нилъги руго цоцае, ракIалдещвеязул щенон балеб цIадалъ ракIал хинлъизарун ракIгъей гьабулел хутIун руго. Амма… ГIумру чIун гьечIо, гьеб цебехун унеб буго. Метерисеб къоялъухъ божигун гьелъ цо кинабалиго хинлъи, рекIее парахалъи кьолеб гIадин хьулгун балагьун чIола нилъ цIияб къоялъухъ. Амма щолебго гьечIо гьеб хинлъиги, рещтIунеб гьечIо рекIелъе парахалъиги

Аллагьас лъикIал гIадамазул ракьалда тарал лъикIал ишазниги берцин гьабилеб батила гьаб гIумру. Мусаласул АхIмадги, гьев гIадал «батIияб дунялалдаса» гIадамал, иманалда тIоритIун ратаги. Аллагьасда цере даража лъикIаб щун, Алжан кьун рохизарун ратаги гьел. Нилъее жакъа хутIун руго гIицIго гьезул хIакъалъулъ ракIалдещвеял. Гьезда жанибги гIураб хазина буго жакъа гьел нахъе гьечIеб дунял дагьабниги гIатIид гьабизе.

Росдал магIишаталъул къоялде дандеккезабун, дирго росулъ рукIарал гьадинал къадруял гIияхъабиги ракIалде щвезарун хIадур гьабураб гьаб макъалаялъул ахиралда нижеда лъикIаблъун бихьана жакъасеб номералда гьезде гьарурал цоцо кучIдулги кьезе.

Ва гьаниб бищунго цебе ракIалде бачIунеб буго мунагьал чураяв Даку Асадулаевасги ахIулеб рагIун магIарулазда гъорлъ цIакъго машгьурлъараб, «Нохъода хутIарал» абураб халкъияб кечI. Кутакалда ракIгурхIараб асар буго. Къаси нахъалъизегIан рехъадаги рукIун, нохъоде вуссуна лъабго вац - лъабго вехь. ЦIигьанае чахъу хъвезе гьоркьохъев вацасда тIадкъана, бищун гьитIинав лъел цIезе лъарахъе витIула цIикIкIарав вацас. Гьев нахъвуссун щвелалде нохъодул кIалтIе кIудияб кьурул тIалуги ккун, жанибе нух къан батула.

**Малачилас лъелъе хьаг бегьулаго**
**Балагьалъул кьуру тIолеб рагIула.**
**Эбел цадахъазул пуланаб гьаракь**
**Дандерижияца кьола цоцахъе.**

**«Дида цебе бугеб щунусабго гIи**
**Цоцаца квас бетIун тIагIунел руго.**
**ГIияда цересел чаркъвекIал гьаби,**
**Чаран кьуру хъусун гажал гъун руго.**

**Дир кверална бугеб щуябго килищ**
**Щу-щу кьегIер бачIун цIункIулеб буго.**
**ЧIикIаселъ букъараб кьагIазул тIимугъ**
**Кьер-кьерал буртIаца бетIулеб буго.**

**Эбелалъ бачIараб бахьин ролъул чед**
**Двам-двами рагIула дие щоларо.**
**Йокьулелъ бачIараб зум-зум иццул лъим,**
**КIвал-кIвали рагIула нижей щоларо.**

**ГIодуге-гIодуге гIазизал яцал**
**Нужер гIиял гIухьби кьижулел ругин.**
**Угьдуге угьдуге, гьудулал лъудби**
**ГIалиги ГIумарги гIиялгун ругин**

**ГIалил зурмил гIадаб зирараб гьаракь**
**Микьабилеб къоялъ къалъуда чIана.**

***Ашахан ЮСУПОВ***

БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

# Архангельскиялдаса хабар



**Гьал къоязда рохалилаб хабар бачIана Хьаргаби районалъул ГIаймаки росулъе.**

**Армиялда хъулухъ гьабулеб бакIалда мисалияб хьвада-чIвадиялъухъ ва тIадкъараб иш ракIбацIцIадго тIубазабулеб букIиналъухъ рагъулаб часталдаса командирасул баркалаялъул кагъат ва грамота бачIана ефрейтор МухIамадов Таймасханил ватIаналде.**

№ 13973 рагъулаб часталъул командир, полковник Р. Крюковасул гъулбасгун кьураб грамотаялда хъван буго Таймасханица мисалияб куцалда гьабулин рагъулаб хъулухъ, церелъурал масъалаби ракIбацIцIадго тIуралин ва сундулъго гьес тIокIлъи бихьизабулин абун.

Таймасханил эмен хIалтIулев вуго Хьаргаби районалъул рагъулаб комиссариаталда (гьанже гьеб Лаваша районалда гьоркьобе уна). Гьесул хIалтIуда хадуб халкквеялъ ва инсул щварал дарсал ратилин васасе жакъасеб баркалаялъул кагъат щвеялъе гIиллайин абун, нижеца бухьен ккуна МухIамадов Пайзулагьилгун.

*«Школалда цIалулеб заманалдаги, рокъов вугеб мехалдаги дир дарсалги щун ратила гьесие. 11 класс лъугIун хадуб, 2021-2022 соналда Таймасхан цIалана Каспийскиялда бугеб полициялъул колледжалда (Санкт-Петербургалъул милициялъул академиялъул филиал).*

*2023 соналда ана армиялде. Рагъулаб хъулухъ тIубазе гьев ккана Архангельск областалъул Мирный шагьаралда бугеб ВКСалде (Рагъулабгун космическияб хъулухъ). Армиялъул заман лъугIизе хутIараб мехги гIемер гьечIо, моцIидаса дагьаб цIикIкIун батила.*

*Ахираб заманалда районалде гьадинал баркалаялъул кагътал рачIинчIин абун бицана районалъул нухмалъиялъ тIобитIараб цо данделъиялдаги»,* - ян бицана **Пайзулагьица.**

**- Армиялде жиндиего бокьунищ гьев арав яги рагъулаб комиссариаталда хIалтIулев вугин абун дуцайищ гьесизавурав?**

- Дица щибго абизе ккечIо гьесда, жиндиего бокьана армиялде ине.

**- Росулъа чан чи вугеб гьабсагIаталда армиялда хъулухъ гьабулев? Ругищ гьезул рахъалдасан гIарзал яги кагътал?**

- Таймасханги малъун, ичIго чи вуго. Гьезул рахъалдасан лъикIаб гурони хабар рагIичIо.

**- Хадубккун СВОялде ине бокьун бугин яги рагъулаб иш тIаса бищилин абулеб бугищ васас?**

- СВОялде иналъул хабар гьечIо, жиндиего щвараб лъаялда рекъон, полициялде хIалтIизе ине бокьун буго гьесие.

Хадурккунги гIемерлъаги росабалъе рачIунел, эбел-инсул ракIбохизабулел гьединал баркалаялъул кагътал.

ПОЧАЛЪУЛ КЪО

# Ругьел щвезабулезул байрам

**9 октябралда тIолгодунялалъ кIодо гьабула Почалъул къо. 1874 соналда Берн шагьаралда 22 улкаялъ, гьездаго гьоркьоб Россиялъги гъулбас гьабуна генералияб почалъул союз гIуцIиялъул Берналъул къотIи-къаялда. Жакъа тIолгодунялалъул почалъул союзалда гъорлъ буго 192 улка.**

Цебе заманалда, интернетги телефонги гьечIеб мехалда, цоцазухъе кагъталги посылкабиги щвезе ккани, почта букIине кколаан. Нухда заман баниги, гьезул кумекалдалъун лъалаан цоцазул бугеб ахIвал-хIалги цIияб-лъикIабги. Киндай цере гIадамал рукIарал цоцазулгун гьоркьоблъиги телефоналъул бухьенги гьечIогойин ккола. ГьабсагIаталда, кIалъайдал телефон кодоб босичIони, чан батIияб, квешаб пикру ботIролъе бачIунеб. РикIкIадал улкабазулгун видео-бухьенги, секундалда жаниб цоцазухъе рехизе бегьулеб гIарацги – гьаб кинабго гьечIого киндай гIадамаз цебе гIумру гьабулеб букIарабин ккола ракIалде.

Почалъул хIалтIухъан вихьидал, кинаб хабар босундай вачIунев вугевин кколаан армиялда вас вугев эбелалдаги, рикIкIадасан ругьел бачIине кколев инсудаги.

Дида ракIалда буго, вац армиялда вугеб мехалда, гьесухъе кагъат хъвазе букIараб гьира. Дагъистаналъул рикIкIадаб магIарул росулъа кагъат, Мурманск областалдеги, дунял рагIалдеги кин щолебин кколаан. Цинги гьеб кагъат нухдасан билани, тIагIани…

Почалъул хIалтIухъанасул жавабчилъиялда ва ракIбацIцIадаб хIалтIуда бараб жо гIемераб букIин лъала. Хасго газеталъул хIалтIухъанасе гьеб буго кIвар бугеб суал - заманалда цIалдолесухъе хъвараб газета щвечIони, гьесул газеталдасаги ракIбуссуна, хадуб гьеб хъвачIогоги тола. Ахираб заманалда гIемер рачIуна нижехъе гьединал гIарзалги, газетал щвечIин ахIиялги. Лъилха гьеб гIайиб? Гьеб ккола почалъул хIалтIухъабазул тасамахIлъи.

Гьеб рахъалъ гIарзал камулел гьечIелъул, кин бугеб жакъа росабалъ почалъул хIалтIи? Гьеб суалалъе жаваб кьолаго, гьадин бицана нижее Хьаргаби районалъул ГIаймаки росдал бухьеналъул отделениялъул нухмалъулей **Шумайсат Мухтаровалъ**:

*- Росабалъ ругел почалъул хIалтIухъабазда тIадаб буго бачIараб почта бикьизе, газета хъвазабизе, маркаби, конвертал ричизе, пенсия бикьизе.*

*Газеталги, цере гIадин, гIемер хъвалел гьечIо, гьебги, пенсия бикьулелъул, хъвайин абун,нижецаго ракIалде щвезабула.*

*Цебеккун хъвалеб букIараздаги газеталъухъ 500-1000 гъурущ кьезе гIемерго бихьулеб буго. Кидаго хъвалел рукIарал газеталъул гьудулзабаз сундухъго балагьичIогоги хъвала.*

БитIараб буго Шумайсатица абулеб, гIемерисел росабалъ батила гьединаб ахIвал-хIал. Дагъпечаталъул киоскалдасан 150 гъурщиде бащдаб лъагIалие подписка гьабизе бегьулеб мехалда, росабалъ, районазда гьел киоскал гьечIолъиялъ, почалдасан газета хъвазе хираго чIолеб буго.

Щиб гьабилеб, бугеб ресалдаса пайда босичIогогIаги нилъ тIураларо.

ДАГЪИСТАНИЯЛ - МОСКВАЯЛДА

# МугIрузул сипат – суратаздалъун

**Москва областалъул Долгопрудный шагьаралъул Культураялъул рокъоб рагьана Дагъистаналдаса магIарулай, художница Шагьри ТахIнаевалъул «Вдохновение» абун цIар кьураб суратазул выставка.**



Гьеб цIарги гIадада гуро Шагьрица выставкаялъе кьураб. ВатIаналдаса рикIкIад йигониги, гIагараб росуги, ракьги, Дагъистанги буго гьелъ жиндирго хIалтIабазулъ бихьизабулеб. Дагъистаналъул тIабигIатги гIорал-лъаралги рихьизаризе аслияб къагIидаялда хъахIилаб кьер хIалтIизабулеб буго гьелъ.

Цогидалги творческиял хIалтIабиго гIадин, суратал рахъиги ккола гъира, хIасрат хIажалъулеб хIалтIи. Гьедин мугIрузулаб Дагъистанги ракIалде щун, цебечIезабун рахъарал суратазул выставкаялда буго авторалъул 30-гIан хIалтIи.

Выставка рагьулелъул, гьениб гIахьаллъи гьабуна Москваялда ругел Дагъистаналдаса вакилзабаз, Шагьрил гьудул-гьалмагъзабаз. Концерталъулаб программагун цере рахъана кочIохъаби, кьурдухъаби.

Москваялда ругел дагъистаниязул хIакъалъулъ материал хъвалаго, гьез тIоритIулел тадбиразул бицунаго, Шагьрил цIар гьоркьоб рехсечIеб материал букIунароан. Гьей ккола «Дагъистаналъул патриотал» абураб къокъаялъул вакилги, жамгIияй хIаракатчIужуги. ЯтIатIун чIоларо Москваялда ругел дагъистаниязул масъалабаздасаги гIузрабаздасаги. Гьелъ гIахьаллъи гьабула Россиялъулги халкъазда гьоркьоселги кIваралъул культуриял тадбиразда.

Шагьрил хIалтIабазул выставкаби рукIана Дагъистаналдаги Москваялдаги, руго гьелъул хIалтIаби къватIисел улкабаздаги.

2023 соналда гьелъ гIахьаллъи гьабуна Константин Коровинил цIаралда бугеб маданияталъул буголъи цIунулеб фондалъул квербакъиялдалъун тIобитIулеб выставкаялдаги.

Шагьри гьаюна Гъуниб районалъул ЧIохъ росулъ. ГьитIинаб заманалда, гьезухъ гьоболлъухъ вукIун вуго Санкт-Петербургалдаса художник. Щиб багьана батунги, гьес суратал рахъулеб куцалъухъ балагьизе гIоло рокъоса ине гIамал гьабулаанин жинцаян бицана Шагьрица. Жиндир букIараб гIажаиблъийила, сверухъ бугеб тIабигIатги мугIрул-щобалги суратаздалъун, кагътида рихьизаризе рес букIин лъайдал.

Гьелдаса нахъе художницалъун яхъине бугеб гьираялъ хIалхьи толеб букIинчIо Шагьрие.

ДГУялъул филологияб факультетги лъугIун, щвараб лъаялда рекъон къогогIан соналъ хIалтIаниги, карикатураби, кепал суратал рахъунги къалам кодоса биччараб заман букIинчIин абуна гьелъ.

Жиндирго учительзабилъун Шагьрица рикIкIуна гIурус художник Лансере Павлинов ва дагъистанияв ХIажимурад ГIалиханов.

4 октябралда рагьараб выставка тIобитIулеб буго гIемерал культуриял тадбирал жанир гьарулеб ва къоялъ азаргогIан чи вачIунеб «Вперед» Культураялъул рокъоб. Гьеб халатбахъине буго 14 октябралде щвезегIан.

***Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МУХIАМАЕВАЛЪ.***

# ЧIегIерал кIазазул даимаб кочIолъ

**МугIрул улкаялъул гьайбатав васас бекIкIун нахъе тана гьайбатаб талихI,**
**Росдал годекIаниб щвараб тарбиялъ ВатIанилан ахIун, босун ана рухI.**
**Улкаялъул бухIи, гьелъул гIузраби дур рекIелъ гьалдана, мугIрул бахIарчи.**
**ГIасрабаз умумуз ирсалъе кьураб ВатIаналде рокьи гучлъун батана.**
**Дуца нахъе тарал лъалкIазул гвангъи – такрарлъаги гьеб нур дур лъималазулъ.**
**ГIолилазе тараб дур багьадурлъи – гьебги такрарлъаги гIолохъабазулъ.**
**ГIолохъанай лъади, херлъулей эбел, гьединго гьайбатаб лъабабго лъимер –**
**Гьеб кинабго дуца тана ракьалда, ракьулъе унелъул, нижер бахIарчи.**
**ЧIегIерал кIазазул даимаб кочIолъ, ГIабдулмуъмин, дурги бугебха къиса.**
**Улбузул, лъудбузул магIил гаразулъ дурги сипат буго, даим хвел гьечIеб.**
**Багьадурлъиялъул тахида вугев, мун гIадал васаца цIеги Дагъистан.**
**Бихьинчилъиялъул орден, дуй щвараб, дур Алмало росдал ссилъун кенчIаги.**

## БахIарчилъиялъул нухаздасан

Гьале лъабабилеб сон унеб буго газеталъул мухбирзабаз СВОялъул бахIарзазул хъвалелдаса. БахIарчиял лъалкIалги ракьалда тун аразулги, тIадаб борчги тIубан, тIадруссаразулги, добаго гIолохъанлъиялъул анищалги рукъун рачIаразулги, улбузул магIуялъулги, лъудбузул угьиялъулги, яцазул инагьдиялъулги, лъималазул гIодиялъулги, гIагарлъиялъул бухIиялъулги



ГIабдулмуъминил шапакаъат васасухъе кьуна

хIакъалъулъ. Лъабабилеб лъагIелалъ гьалдолеб буго газеталъул гьурмазда чIегIерал кIазазул даимаб кечI. Дагъистаналъул улбузул, лъудбузул магIуялъ къойилго чурулел руго гьел чIегIерал кIазал. Гьезул щибаб бокIнилъан гьимулел руго БахIарзазул сипатал. Гьединаздаса цояв ккола ЧIарада районалъул Гьилиб росулъа, Алмало росулъ гIумру гьабун вукIарав ГIабдулмуъмин ГIабдулаев.

> Нижее киназего тушманасдаса рахчизе буюрухъги кьун, гьев живго пулеметалда нахъа чIана. Дир гIумруялда гьединав, бахIарчилъи рекIелъ бугев, кьварараб гIамалалъул гIолохъанчи вихьичIин абуниги, мекъи ккеларин ккола.

Гьесул хIакъалъулъ социалиял гьиназдаса цIалидал, бокьун букIана гьесул эбелалъухъе кIалъазе, лъадиялъул гьаракь рагIизе, гьезухъе гьоболлъухъ ине. Амма гьаб нухалда щаялиго кIвечIо - цIакъго захIмалъизехъин букIана тIухьигIан бакIаб эбелалъул магIил гаразул тIинкIи цIидасанги цIигьабизеги гIумруялъул гьудуласда хадуб инагьдилеб бугеб лъадул рекIел кIутIи дагьабги хIалуцинабизеги…

Гьадин бицана бахIарчияв магIаруласул хIакъалъулъ гьесул рагъулав гьудул, живгоги рагъулав мухбир, СВОялъул гIахьалчи Жамалудин ГIамирхановас газеталъул бетIерай редактор Зульфия ХIажиевалъе:

*- 2022 соналъул апрелалда, бащдаб лъагIалие контрактги хъван, диего бокьун, дун ана СВОялда гIахьаллъизе. Гьенир дида ратана дунго гIадал, жидеего бокьун, рачIарал гIолохъабиги. Гьезда гьоркьов вукIана Алмалоялдаса ГIабдулмуъмин ГIабдулаевги.*

*ТIоцебесеб къоялдасаго байбихьана нижер гьудуллъи... Нижеца цIунизе кколаан Запорожьеялда бугеб, цIакъ кIвар цIикIкIараб борхалъи. Рагъухъабаз гьеб гIурабго заманалъ цIунана. Амма тушман нахъе къалев вукIинчIо. Цо заманалдасан гьез рехун бачIараб гумпара ГIабдулмуъминида хьолбохъ кьвагьана. Ва гьеб лахIзаталъ гьес берал къанщана абадиялъего. Гьесул бахIарчилъиялъул бицунаго, рехсечIого гIоларо цо хIужа. Нижее киназего тушманасдаса рахчизе буюрухъги кьун, гьев живго пулеметалда нахъа чIана. Дир гIумруялда гьединав, бахIарчилъи рекIелъ бугев, кьварараб гIамалалъул гIолохъанчи вихьичIин абуниги, мекъи ккеларин ккола. Унго-унгоги, гьалмагъзабаз гьесул, командирасул, гьабулеб букIараб адабги. СВОялда бищунго захIматаб къолъун букIана дие гьеб, рагъулав гьудул гIумруялдаса ватIалъараб къо. Гьелдасаги захIматаб батана гьесул гIагарлъиялъухъе, хъизан-лъималазухъе гьев хванилан ругьел балеб лахIзат.*

> Макьилъги, лъавудаги, къасиги къадги гьасда рагIулеб буго рикIкIада Алмалоб тараб эбелалъул хIикматаб кечI, церечIолел руго жинде бугеб божиялъул цIурал, магIил гараз риччарал лъадул берал, дадайилан ахIулеб лъималазул гьаракьалъ дагьабги къуват кьолеб буго гьесие.

## «МугIрул ругебгIан мехалъ, мугIрузда кIоченаро…»

АнцIгогIан соналъ хIалтIун вуго ГIабдулмуъмин Росгвардиялда. Гьенивго хIалтIулевги вукIана, ВатIаналъе захIматаблъун ва гьелъул васазул хIалбихьулеблъун лъугьараб 2022 сон тIаде щведалги. Росгвардиялдаса ритIулел гьечIин абидал, гьениса нахъеги вилълъун, ана гьев СВОялде. Дур рокъове ине рес бугилан абураб суалалъеги гьес кьураб жавабалдаса бихьулеб букIана гьесул бихьинчилъиялъул даража.

**- Рагъулаб авлахъалда щвараб хвелго тIаса бищила дица, дун сабаблъун дир лъималаз бутIурул къулизегIан,** - илан абуна гьес.

Ракълилаб гIумруялдаги гьесул букIана кинабго – хъизан, рукъ, хIалтIи. Амма бихьулищха – цо щибалиго гIолеб букIун гьечIо гьев гIолохъанчиясе. Гьесул каранлъ кIетIолеб ракIалъ тIалаб гьабулеб букIун буго кIудияб роржен. Ва гьеб рорженалда цIарги букIун буго Бихьинчилъи.

Бокьун буго пикрабалъ цо гьитIинабго лахIзаталъ доб ГIабдулмуъминица берал къанщараб рагIулаб авлахъалде щвезе. Ялагьун йиго гьесул сураталъухъ. Гьале ГIабдулмуъмин хандакъалъув. Гьесдаго нахъа бугеб цо ящикалда чIахIахатIалъ хъван бугеб АЛМАЛО абураб рагIиялъ кьолеб буго гьесие гIажаибаб къуват.





**Бакъуца къалъараб тIегьалеб тIалъи,**
**Кьалул накIкIал рачIун кьерхинабидал,**
**ТIадаб налъи бугин ватIан цIунизе,**
**ЦIадулаб рагъулъе ана мугIрул вас.**

**ГьитIинго эмен хун, бесдал хутIарав,**
**Эбелалъ тарбия кьун гIезавурав.**
**ГIагараб ракьалде рокьи цIикIкIарав,**
**КIвечIо рокъов чIезе, рахIатги босун.**

**Кьун гIарзагун ана, гIарцуе гурев,**
**ВатIаналъе гIоло гIумру кьезелъун.**
**ГIагарай, гIазизай, гIезе гьавурай,**
**Эбелалдасацин гьабуна балъго.**

**ХIеренай чIужуги лъабго лъимерги,**
**Лъидего ккун гьечIеб рукъалъул ресги.**
**ЯхIалъ керен цIурав ЧIарадаса вас,**
**Рокъов чIей намусалъ гьабичIо къабул.**

**ГIабдулмуъмин, дуца наслабазе цIар**
**ЦIудул борхалъуда хъван тана нахъе.**
**ЧIухIадго цIунила дур васас орден,**
**Бихьинчилъиялъул, мун хведал кьураб.**

**Суайбат, баркала, бахIарчияв вас**
**Дуца гIезавуна, гIалам бахилав.**
**Дур цоги багьадур доб кьалулъ вуго,**
**Бергьенлъиги босун, вуссаги рокъой.**

***ТIагьират ЖАВАТХАНОВА***

Ва гьесда чIвалеб буго гIагараб ракьалъул гьуинаб махI… Макьилъги, лъавудаги, къасиги къадги гьасда рагIулеб буго рикIкIада Алмалоб тараб эбелалъул хIикматаб кечI, церечIолел руго жинде бугеб божиялъул цIурал, магIил гараз риччарал лъадул берал, дадайилан ахIулеб лъималазул гьаракьалъ дагьабги къуват кьолеб буго гьесие. Гьав унев вуго цевехун, гIицIго цевехун. Гьедин букIана 2022 соналъул тIоцебесеб сентябралде щвезегIан. Ва гьеб къоялъ, рикIкIада хутIарай эбелалъул кочIол куркьбаздаги рекIун, гьев ана даимлъиялде…

ГIабдулмуъминица гIумру гьабун букIараб Алмало росдал къватIалъе кьун буго бахIарчиясул цIар. Рагьана гьев ракIалдещвеялъе мемориалияб хъарщи. ТIоритIана гьесул цIаралда боксалъул ва эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъул турнирал.

Багьадурлъиялъул лъалкIалги ракьалда тун, ана ГIабдулмуъмин. Гьесул гьунараз чIухIадго тIавап гьабуна БахIарчилъиялъул борхалъиялда.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# Азербайжанал жиндаса чIухIарав композитор - Хунзахъа ГIузайир

**Дида лъай лъаралдаса нахъе бицен батана магIарулазул цониги цIалун вахъарав композитор вукIинчIин, цогидал миллатазул цо-цо, кIи-кIи рукIанигиян. Дун кинаб жаваб кьелебали лъаларого хутIулаан, цо-цояз гьеб бадибчIвай гIадинги тенкезабулаан миллат бокьулезда.**

**Гьедин абулезде гуро дица гIайиб гIунтIизабулеб, гIайиб гIунтIизабула магIарулазул лъавукълъиялде, умумузул лъикIал ишазул бицине яги гьезул хIакъалъулъ цIех-рех гьабизе, дидаса байбихьун, кIвахIалал рукIиналде.**

**Дир цевегосев гьудул, Уздалросулъа МухIамадкамил Гьиматовасда гьелъул хIакъалъулъ бициндал, гьесдасан щвана мухIканаб жаваб.**


Профессионалияв композитор ГIузайир ХIажибегов

**– Дида рагIана магIаруласул наслуялдаса вукIанин, азербайжанал жиндаса чIухIарав композитор ГIузайир ХIажибегов. БитIараб бугищ гьеб?** - ян цIехедал, гьес абуна:

– БитIараб букIиналда щибго щаклъи гьечIо. Амма халатаб къиса буго гьелъул, къокъго бицине хIаракат бахъилин.

Къороллъуда хутIарай Гъарабагъалъул хан ва машгьурай шагIир Натаван Хуршуд Бану-Хуршудил яс ячана лъарагIазул гиназ, Яхсаялдаса Хасай Уцмиевас, ва лъадуда аскIове гьениве гочана. Гьениб шигIитаз гIумру гьабулеб букIиндал, лъарагIасе санагIалъи кколеб букIинчIо рузман базе. Гьесул лъикIаб гьоркьоблъи букIарав Кавказалъул сардар гиназ Воронцовасул гIакълуялда рекъон, Яхсаялда дибирлъун вукIарав Хунзахъа МухIамад вачана гьес жиндаго аскIове, Шушаялде. Гъарабагъалда гьев машгьурлъана МухIамад-дибир абун.

Ханалъ гьесие кьуна хасаб мина. Гьедин Шушаялда яшав гьабун вугев хунзахъесул вукIана кIиго гIолохъанав вас – ХIажибег ва ХIусен. ХIажибег вахъана гIарацмеседалъул тIагIелал гьарулев устарлъун. ХIусеница лъазабуна гIараб мацI, гьесул букIана берцинаб хатIги. Ханалъ гьев тIамуна жиндирго секретарьлъун, ай жиндие хIажатабщинаб къалмикье босулев чилъун. Гьедин гьесда тIокIцIар бачIана Мирза-ХIусенилан.

Гьеб заманалда ханалъул гIакълучилъун вукIана, гIатIидал ракьазул бетIергьан гуревги, гъваридаб гIелмуялъул Кербалай Алекпер ГIаливердибегов. Гьев кколаан Натаванил рахьдал вац. Гьесул яс Ширин-ханум Мирза-ХIусеница ячине бокьана Натавание. МухIамад-дибирас жиндиралдаго аскIоб ункъо рукъ бугеб мина бана васасеги нусалъеги. Ширин-ханум кватIичIого эбеллъун яхъана. Гьелъ гьабуна щуго лъимер: кIиго яс ва лъабго вас. Гьедин Шушаялда хунзахъесул наслу цIикIкIин гуребги, гьесул васасул – ХIусенил васал ГIузайирги ЖайхIунги лъугьана Европаялда, хIатта дунялалдагоцин цIар рагIараллъун.

ГIузайир ГIабдула-ХIусен огълы ХIажибегов гьавуна мугIрузулаб Гъарабагъалъул Агъджабеди росулъ 1885 соналъул 18 сентябралда. КечIбакъаналдехун гьитIинго рокьи бижана гьесул, ругьунлъана азербайжаназул халкъиял музыкалиял алатал хъвазе, букIана кечI ахIизе махщел.

Росулъ мадрасаялда ва кIигосонилаб гIурус-татар школалда лъикIго лъай борхизабурав ГIузайир, 1899-1904 соназда цIалана Грузиялъул Гори шагьаралда учительзабазул семинариялда. ХIалтIана Гадруталъул ва Бакуялъул школазда учительлъун. МагIарул гIадат буго чанго батIияб ишалъе бажари бугев чиясда анкьгьунарилавин абулеб. Гьединав вукIана ГIузайир. Гьелъие нугIлъи гьабула гIолохъанав учителас Бакуялъул «СагIадат» школалда азербайжан мацIалъул, математикаялъул, географиялъул, историялъул, гьединго гIурус мацIалъул дарсал кьолел рукIиналъ. Гьеб заманалда ГIузайир вукIана «ХIаят» газеталъул таржамачи, хIалтIулев вукIана «Иршад» газеталдаги.

Амма гIолохъанав ГIузайирил анищлъун лъугьана тIолабго гIумру макъназда бухьинаби. Гьеб мурадалде щвезе гIоло, 1911 соналда ана Москваялде, музыкалиял курсазда цIализе, хадубги махщел камиллъизабуна Санкт-Петербургалъул консерваториялда.

1914 соналда Бакуялде тIадвуссараб мехалда гьесул хIаракатчилъиялъул лъугьана кIиго рикьи: журналистлъиялъулаб ва композиторлъиялъулаб. Рехсараб соналъго хIалтIизе лъугьана «Йени икъбал», ай «ЦIияб икъбал» газеталъул редакторлъун. Цинги гьеб басма лъугьинабуна живго бетIергьанаблъун, хадусел соназда «Азербайжан» газеталъе редакторлъиги гьабуна. Амма гIумруялъул мурадлъун лъугьараб иш гьоркьоса къотIизе течIо. Гьелъие нугIлъи гьабулеблъун лъугьана 1918 соналъул июнь-сентябрь моцIазда Ираналъул Энзели ва Решт шагьаразде гьесул нухмалъиялда гьоркь Азербайжаналъул оперниял артистазул букIараб сапар.

Азербайжаналда советияб власть гIуцIараб 1920 соналда композиторас Азербайжан ССРалъул Лъай кьеялъул халкъияб комиссариаталде кагъат хъвана республикаялда чара гьечIого гIуцIизе кколин музыкалияб академия ва халкъияб консерватория, музыкалиял школазул минабиги гьезухъе кьун.

БачIинахъего хIасил ккеялде


ХIажибеговазул хъизан. Шуша 1915 сон

хьул гьесул букIинчIо. Гьединлъидал нухмалъи гьабуна жиндирго хIаракаталдалъун гIуцIараб Азербайжаназул тюрказул музыкалияб школалъе. Амма щуго соналдасан, 1925 соналда, гьев тIамуна Азербайжаналъул пачалихъияб консерваториялъул проректорлъун.

1931 соналда ГIузайир ХIажибеговас гIуцIана халкъиял алатазул оркестр, 1936 соналда – пачалихъияб хор. Хадусеб соналъ тIамуна Азербайжаналъул пачалихъияб консерваториялъул ректорлъун.

ГIузайир ХIажибегов фронталде ккечIо, абизе бегьула витIичIиланцин. Гьелъие гIиллаги букIун батила гьесул вац ЖайхIун Франциялда, эмиграциялда вукIин. Амма КIудияб ВатIанияб рагъул соназда гьес хъвана патриотлъиялъулал музыкалиял асарал. 1943 соналда танказул колонна гIуцIизе гьес кьуна 25 гъурущ.

Рагъ лъугIараб соналъул сентябралда машгьурав ракьцояв тIамуна Азербайжан ССРалъул ГIелмабазул академиялъул искусствоялъулаб институталъул директорлъун.

Гьев нилъер ракьцоясул цIар машгьурлъана 1908 соналда гьес хъвараб Азербайжаналъул тIоцебесеб «Лейла ва Мажнун» операялъул авторлъун вахъиналъ. Бусурбанаб халкъалда гьоркьоса тIоцебе опера гIуцIарав композиторлъун лъугьана гьев. Опера гIуцIун букIана азербайжаназул шагIир Физулил гьединабго цIаралъул къасидаялъул кьучIалда.

Гьелдаса хадубги хъвана анлъго опера: «Шейх Санан», «Рустам ва Зогьраб», «Шагь ГIаббас ва Хуршуд Бану», «Асли ва Керим», «Гьарун ва Лейла» ва 1936 соналда – «Кёр-огъли».

Гьеб ахирисеб опера лъугьана ГIузайир ХIажибеговасул музыкалияб гьунаралъул тIогьлъун. 1938 соналда гьеб бихьизабуна улкаялъул тахшагьаралдаги. ХIукуматалъги кIудияб къимат кьуна гьелъие. Автор мустахIикълъана «СССРалъул халкъияв артист» абураб цIаралъе, Ленинил орденалъе, вищана СССРалъул Верховный Советалде депутатлъун. 1941 соналда «Кёр-огъли» операялъухъ композиторасе кьуна Сталинилаб премия. КъватIибе биччан букIана гьесул сурат тIад бахъараб марка.

ГIузайир ХIажибеговасул гьунар загьирлъана лъабго опереттаялъ-улъги. Гьел ккола «Росги лъадиги», «Гьей бегьичIони, гьайги йиго» ва «Аршин-мал-алан». Гьеб ахириселъул хIакъалъулъ нилъеца дагьаб хадуб гIатIидго бицина.

Доб заманалда Азербайжаналда ва Грузиялда цIар рагIараб Терегъуловазул тухумалдаса яс Малейке-ханум лъугьана 1909 соналда ГIузайир ХIажибеговасул лъадилъун. ТIадегIанаб музыкалияб лъай босун, Азербайжаналде тIадвуссаралдаса ГIузайирица, лъадуда ва эбелалда цадахъ, Бакуялда гIумру гьабуна. Гьес тIалаб гьабулаан жиндирго яцалъул щуго лъимадул. Жидерго лъимал гьезул рукIинчIо.

Хвана 1948 соналъул 23 ноябралда. Гьесул хоб буго Бакуялда, ХIурматиял гIадамал рукъулеб аллеялда.

Гьаниб бицинчIого гIоларо ГIузайир ХIажибеговасул гьеб «Арши́н-мал-ала́н» оперетта лъугьун букIин, гьесул «Кёр-огъли» операялъго гIадин дунялалдаго цIар машгьурлъизабураб музыкалияб асарлъун.

Ункъо лъугьа-бахъиналдаса гIуцIараб, ахирисеблъун лъугьараб «Арши́н- мал-ала́н» опереттаялъул – музыкалияб комедиялъул авторлъун гьев вахъана 1913 соналда – Петербургалъул консерваториялда цIалулев вукIараб заманалда. Гьелъие либретто, ай рагIабазул текст азербайжан мацIалда жинцаго хъвана. ТIоцебе сценаялдасан гьеб бихьизабуна I9I3 соналъул 25 октябралда Бакуялда доб заманалда кутакалда бечедав ва гIагараб халкъалъул адабиятги маданиятги цебетIезабиялъе сахаватго квербакъарав ХIажи ЗайналгIабидин Тагиевасул театралда.

Бицининха «Аршин-мал-алан» абураб рагIул магIна щиб кколебали.

ГIага-шагарго гьелъул магIна ккола «ГIаршуналъ борцун ххам бичулев чи». Гьединаб цIар лъеялъе гIиллаги баянлъула гьеб комедиялъул аслияб мурадлъун бугеб лъугьабахъиналдасан.

Чадраялъ гьурмалги рацун хъвадулел руччабазул, хасго гIоло-

хъанал ясазул берцинлъи бихьизе рес букIинчIелъул, цо бечедав гIолохъанчи Аскер, гIаршуналъ борцун ххам бичулев базарганлъунги хIан, жиндиего бахIарай ялагьизе къватIиве вахъуна. Гьанже гьеб оперретаялъул къокъаб хIасил бицинчIого тани, нилъер ракьцояв гьеб опереттаялъ – музыкалияб комедиялъ кин машгьурлъизавуравали баянлъичIого хутIизеги бегьула. ГIенекке гьелъул бицунеб чанго хIужаялъухъ. Гьеб буссинабуна дунялалъул ункъого мацIалде: парангазул, немцазул, поляказул, ингилисазул, гIарабазул, персазул, китаязул, гуржиязул, болгаразул, украиназул, белоруссазул ва цогидалги.

Бихьизабуна 76 улкаялъул 187 шагьаралда: Нью-Йоркалда, Парижалда, Лондоналда, Софиялда, Берлиналда, Стамбулалда, Тегераналда, Къагьиралда, Варшаваялда, Пекиналда. Масала, Грузиялъул шагьаразда бихьизабуна 16 нухалъ, Болгариялъул шагьаразда – 17 нухалъ, СШАялъул 13 штаталда, Польшаялъул 17 шагьаралда – азаралда щунусго нухалъ, Россиялъул 28 шагьаралда, Китаялъул 8 шагьаралда – гьединго цогидал бакIаздаги.

2013 соналда ЮНЕСКОЯЛЪ гьабураб хIукмуялдалъун тIобитIана оперетта хъваралдаса нусго сон тIубаялъул юбилей. Гьеб музыкалияб комедиялъул кьучIалда ункъониги кинофильм бахъана. Бищунго камилаблъунги киса-кибего тIибитIараблъунги лъугьана 1945 соналда бахъараб фильм. Аслияв героясул – Аскерил роль хIана доб заманалда кутакалда машгьурлъун вукIарав азербайжаназул кочIохъан Рашид Бейбутовас. Гьеб фильм бихьизабуна дунялалъул 130-ялдасаги цIикIкIун улкаялда.

1972 соналда «Мелодия» фирмаялъ пластинкаялда «Аршин-мал-алан» хъвана гIурус, азербайжан, перс мацIазда. 2013 соналда «Аршин-мал-алан» опереттаялъул юбилеялде Азербайжаналъул Тарихалъул музеялда гIуцIун букIана 200-ялдасаги цIикIкIун экспонат бихьизабулеб выставка.

Хунзахъго магIарул театр бугеб заманалда «Аршин-мал-алан» бихьизабуна гьенибги. Амма лъица таржама гьабун букIарабали лъазе кIвечIо. Дол соназда жеги росулъ клуб букIинчIелъул, цо лъилалиго азбаралъуб бихьизабураб гьелъухъ валагьизе дунги ун вукIараблъи ракIалде щвезабуна дур гьеб суалалъ. Жакъаги цебечIун буго:

**Берцинав Аскерие**
**Берцинай яс ячина,**
**Гьей ячунеб сордоялъ**
**Гьади-гьадин кьурдила,** -

ян кечIги ахIулаго, комедиялда гIахьаллъарай цо гIаданалъ гьабураб гIажаибго тирияб кьурди.

**Хунзахъа МухIамад-дибирил наслуялъул кIиявго вацасул цояв, ай ЖайхIунилги бицен гьабилин.**

«Шушаялда дибирлъи гьабурав хунзахъесул къисмат» абураб бетIералда гъоркь газеталда бахъараб макъалаялда бицунеб букIана дунялалдаго цIар рагIарав композитор ГIузайир ХIажибеговасул хIакъалъулъ. Гьесул вац ЖайхIунги вукIана, Азербайжаналда гуревги, Европаялдаги машгьурлъарав чи.

ЖайхIун гьавуна 1891 соналда Шуша шагьаралда. ЦIалана Шушаялъул гIурус-татар школалда, гьеб лъугIун хадув Бакуялдаги. ТIадегIанаб лъай босизе гьира бугев гIолохъанчи хадувккун цIализе лъугьана Петербургалъул университеталъул юридикияб факультеталде. Петербургалдаса хадув Парижалде ана Сорбоннаялъул университеталда цIализе.


ЖайхIун ХIажибегов

Къоабилеб гIасруялъул байбихьуда ЖайхIуница живго вихьизавуна гьунар бугев журналистлъун. Гьесул макъалаби рахъулаан «Каспий», «Иршад» ва «Тарагги», газетазда, редакторлъи гьабуна Бакуялда гIурус мацIалда бахъулеб «Азербайжан» газеталъе.

ЖайхIун ХIажибеговас хъвана «Азербайжаналъул тIоцебесеб опера кин гIуцIун букIараб» абураб тIехь. КIиявго вацасул цадахъаб музыкалияб хIаракатчилъиялъул хIасиллъун лъугьана 1908 соналда Бакуялда бихьизабураб Азербайжаналъул тIоцебесеб опера «Лейла ва Мажнун».

Азербайжаналъул демократияб республика гIуцIараб заманалда Ж. ХIажибегов тIамуна хIукуматалъул официалияб органлъун кколеб букIараб «Азербайжан» газеталъул редакторлъун. 1919 соналда ГIалимардан-бег Топчибашевасул нухмалъиялда гъоркь Франциялде Версалалъулаб ракълилаб конференциялда гIахьаллъизе арал Азербайжаналъул вакилзабазда гьоркьовги вукIана Ж. ХIажибегов.

1920 соналда Азербайжаналъул демократияб республикаялъул хIаракатчилъи лъугIараб мехалда, ай гьениб советияб гIуцIиялъ бергьенлъи босаралдаса хадуб гьев Азербайжаналде тIадвуссинчIо ва гIумруялъул ахирал къоязде щвезегIан Парижалда чIана.

Гьениб гьес цIикIкIараб хIаракатчилъи бихьизабуна Азербайжаналъул тарих ва маданият Европаялда машгьурлъизабиялъулъ. Гьес паранг мацIалде руссинаруна азербайжаназул шагIирзаби Видадил, Набатил, Къасумбег Закирил ва цогидазулги гIемерал кучIдул. Парижалда машгьурлъана гьесул къалмикьан арал «ХIафиз Ширази», «Фирдоусил гIумру», «Азербайжаналъул шагIирзаби-руччаби» ва гIемерал цогидалги гIелмиял макъалаби.



ЖайхIун ва ГIузайир. Шуша 1940 сон.

Франциялда гIумру гьабун вукIаго, ХIажибеговас жиндирго макъалаби рахъулаан парангазул журналазда ва газетазда, гьес хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна «Эркенлъи» радиоялъул азербайжаналъулаб редакция гIуцIиялъулъги.

ЖайхIун вукIана гIемерал къисабазул ва харбазул, Азербайжаналъул тарихалъул, мацIалъул, адабияталъул цIех-рех гьабурал гIелмиял хIалтIабазул автор. «ХIажи Керимил рогьалил гIуж» абураб ХIажибеговасул къиса бахъун букIана «Каспий» газеталда. ГIелмиял хIалтIабазда гьоркьоса гьанир рехсезе мустахIикъал руго «Бабек ва некIсияб пачалихъ Арран», «Баку ва Барды шагьаразул тарих». ТIадегIанаб даражаялъул гIелмияб хIалтIилъун лъугьана 1934 соналда Парижалда «КIиго дунялалъул журналалда» бахъараб «Гъарабагъалъул диалект ва фольклор» абураб гIелмияб хIалтIи.

ГIолохъанаб заманалдаго, ай Шушаялда вугеб мехалдаго, жиндирго машгьурав вац ГIузайиридаго цадахъ, ЖайхIунги машгъуллъун вукIана театралияб ва музыкалияб хIаракатчилъиялде. КIиявго вац зама-заманалда гIахьаллъулаан музыкалиял спектаклязда, гьезие цого къадаралда бетIергьанасдасан насиблъун букIана кечI ахIизе гьунарги. Гьеб заман ракIалде щвезабун, ЖайхIун ХIажибеговас хъвана «Азербайжаналъул тIоцебесеб опера кин гIуцIун букIараб» абураб тIехь. КIиявго вацасул цадахъаб музыкалияб хIаракатчилъиялъул хIасиллъун лъугьана 1908 соналда Бакуялда бихьизабураб Азербайжаналъул тIоцебесеб опера «Лейла ва Мажнун».

1925 соналда Парижалъул «Фемина» театралда ЖайхIун ХIажибеговас ва Франциялда ругел гьесул ракьцояз бихьизабуна ГIузайирил оперетта «Аршин-мал-алан».

ЖайхIун хвана 1962 соналда Парижалда ва гьенив вукъунги вуго. Франциялда гьев ХIажибейли абураб азербайжаназулаб фамилиягун машгьурлъун вукIаниги, гьесул зонода хъван буго ЖайхIун Дагъистани (дагъистанияв) абун.

ГьитIинав вацас живго дагъистаниявлъун рикIкIунев вукIиналъулги ва гьев къватIисеб пачалихъалда яшав гьабун чIеялъулги квекIенал камун хутIулев вукIинчIо ГIузайир. Хасго гьел цIикIкIунел рукIана доб заманалда Азербайжан ССРалъул бетIерлъуде ккарав Миржаффар Багировасул рахъалдасан. ХIинкъи букIана машгьурав композитор репрессиялъул къурбанлъун лъугьиналъулгицин. Амма 1940 соналда хъвараб «Кёр-огъли» опера кутакалда машгьурлъана. Гьелъухъ ГIузайир мустахIикълъана дол соназда бищунго тIадегIанаб шапакъатлъун лъугьун букIараб Сталинилаб премиялъе. Гьелдаса хадуб гьесда гIайибчIвазе бокьаразул тIадецуй гIодоцана.

Ахиралдаги рехсезе ккола ЖайхIун Дагъистаниясул, ай Хунзахъа МухIамад-дибирасул васасул васасул архив, Азербайжаналде тIадбуссиналъул хIужа. Гьеб хIурматияб ва баркалаялъе мустахIикъаб ишалъул хIаракатчилъун лъугьана дипломат Рамиз АбутIалибов. 1990 соналда гьес Бакуялде бачIана Парижалда ЖайхIунил рокъоб батараб тIолабго архив ва Азербайжаналъул Пачалихъияб архивалде кьуна. 1993 соналда басмаялда бахъана ЖайхIун ХIажибейлил «Данде гьарурал асарал».

***АхIмад ГIАМИРХАНОВ***

# ЕГЭ: къорцин гурищ гъолеб бугеб?

**Анлъабилеб июналда ЛДПРалъул, КПРФалъул ва «Справедливая Россия – За правду» абурал партиязул депутатаз ва сенатор Елена Афанасьевалъ РФялъул Пачалихъияб Думаялда цебелъуна Цогояб пачалихъияб экзамен (ЕГЭ) нахъе бахъиялъул хIакъалъулъ законалъул проект. Гьелда рекъон, школазде тIадруссинаризе кколаан советияб заманалда рукIарал пачалихъиял экзаменал.**

**Проекталъул авторазул пикруялда рекъон, 2009 соналда ЕГЭ билълъанхъизабиялъул мурад букIана школаздаги вузаздаги коррупция тIагIинаби, улкаялъул тIолго школазул цIалдохъабазул лъаялъе цогояб къагIидаялъ къимат кьей ва росабазул школа лъугIаралги ресукъал хъизамаздасаги лъималазе церетIурал вузазда цIализе лъугьине рес кьей. Амма гьеб мурад тIубачIин абулеб буго гьез.**

**Законопроект хIадурулаго, SuperJob порталалда тIобитIана социалияб цIех-рех. Гьелъул гIахьалчагIазул 72 проценталъ рахъккуна ЕГЭ нахъе бахъизе кколин абураб пикруялъул ва 13 процент гьелде дандечIана. ЕГЭялъул рахъкколезда гьоркьоса цIикIкIарасел руго Ураладда ва Дальний Востокалда гIумру гьабулел гIолилал. ГIемерисеб мехалда гьел субъектаздаса лъимал уна батIиял регионазул вузазда цIализе. ЕГЭялъул рахъккола Рособрнадзоральги РФялъул премьер-министр Михаил Мишустиницаги: ресукъал хъизамаздаса ва тахшагьаралдаса рикIкIадал росабалъа лъималазе социалияб лифтлъун рикIкIуна гьез гьеб.**

**Сентябралъул байбихьуда Россиялъул хIукуматалъул данделъиялда цебелъуна рехсараб законопроект ва гьеб къабулги гьабичIо. Гьелъие аслияб гIиллалъун ккана ЕГЭялъул бакIалда хIалтIизабизе санагIатаб экзамен, ай цIалдохъабазул лъаялъе къимат кьолеб къагIида, жеги батун гьечIин абураб пикру. Рособрнадзоралъул нухмалъулев Анзор Музаевас гьадин абуна гьелда бан: «Выпускникасул лъаялъе къимат кьолаго, гьесул хIал хIалуцинабулареб, лъидаго бачIеб ва инсанасул гьоркьоблъи гьечIеб цIияб къагIида бугин гьебин абун, цониги чи вачIинчIо. ЕГЭ буго тIадегIанал технологиязул кьучIалда гIуцIараб лъидаго бачIеб экзамен ва гьелъул хIасилалги къабул гьарула улкаялъул тIолго вузаз», – ан.**






ЦIияб проекталда рекъон, вузалде лъугьиналъул мурадалда кьолел рукIарал экзаменазул къадар цIикIкIине буго. Кинал экзаменал абитуриентас кьезе кколелали, мухIкан гьабизе буго щибаб вузалъ. Амма абитуриентал къабул гьариялъул хIалтIи байбихьилалде гьеб сияхI лъезе ккола вузалъул сайталда. Гьебги хIадуризе ккола министерствоялъ бихьизабураб сияхIалъул кьучIалда.

## ЦIияб сияхI тасдикъ гьабуни, экзаменал жеги гIемерлъила

Гьал къоязда РФялъул ГIелмуялъул ва тIадегIанаб лъай кьеялъул министерствоялъул сайталда лъуна 2025 соналда Россиялъул вузазде лъугьиналъул мурадалда абитуриентаз кьезе кколел экзаменазул сияхI. Министрасул заместитель **Константин Могилевскияс** абулеб буго кватIичIого тIобитIизе бугила министерствоялда цебе гIуцIараб ЖамгIияб советалъул данделъи. *«Гьединал масъалаби жамгIияталда дандразе ккола. Гьединлъидал ЖамгIияб советалъул данделъиялда цебелъезе буго ЕГЭялъул сияхI ва бицине буго гьеб законопроект гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ»*, - ан бицана гьес.

Экзаменазул сияхIалъул проект лъун буго правоялъул баянал кьолеб порталалда. ЖамгIияб советалда цебелъун хадуб, проект битIизе буго коррупциялде данде къеркьолезул пикру лъазабизе. РФялъул Юстициялъул министерствоялъ тасдикъ гьабуни, гьелъул хIасилияб проект бахъизе буго СМИязда.

ЦIияб проекталда рекъон, вузалде лъугьиналъул мурадалда кьолел рукIарал экзаменазул къадар цIикIкIине буго. Кинал экзаменал абитуриентас кьезе кколелали, мухIкан гьабизе буго щибаб вузалъ. Амма абитуриентал къабул гьариялъул хIалтIи байбихьилалде гьеб сияхI лъезе ккола вузалъул сайталда. Гьебги хIадуризе ккола министерствоялъ бихьизабураб сияхIалъул кьучIалда. Аммаха…

ГьанжелъизегIан вузалде лъугьунев абитуриентас чара гьечIого кьезе кколаан лъабго ЕГЭ. Гьанже гьел гIезе гьечIо – цо-цо махщелазе куцалел факультетазде лъугьине хIажалъизе руго цIикIкIун экзаменал. Проекталда рекъон, руго ункъо ва щугоцин ЕГЭ кьезе кколел бакIалги.

Масала, техникиял вуз, профилияб математикаялъул бакIалда, тIалаб гьабизе буго физикаялъул экзаменалъул хIасил. «Фундаментальная и прикладная химия» абураб махщел тIаса бищарав абитуриентас кьезе кколеб буго гIурус мацIалъулги, химиялъулги, физикаялъулги, информатикаялъулги ва биологиялъулги ЕГЭ. Ракьул гIелму цIализе унев гIолилас кьезе ккола гIурус мацIалъул, математикаялъул, физикаялъул, информатикаялъул, химиялъул ва географиялъул экзаменал. Математикаялъулги иженерлъиялъулги махщелчилъун вахьине бокьарав цIалдохъанас тIаса рищизе ккола хадусел экзаменал: гIурус мацIалъул, математикаялъул, информатикаялъул ва физикаялъул; цо-цо махщелалъе – жеги химиялъулгун биологиялъулги.

ГIемер бицуна, школалда дарсал гIемерлъиялъ, цIалдохъанасул психикаялде гьабулеб тIадецуялъул хIакъалъулъ. Щибаб дарсил ЕГЭялде хIадурлъизе ккарав ва кинаб экзаменалъул хIасил жиндие хIажалъизе бугебали жеги лъаларев цIалдохъанасул психикаялъул кинаб хIалдай букIина?

Проекталъул лъикIаб рахълъун бихьула педагогиял вузазде тIасарищарал экзаменал букIинесеб махщалида рухьинари.

## Щуго вузалде документал кьезе рес хутIиларо

Абитуриентал къабул гьарулаго, жакъа къоялда вуз мугъчIвай гьабула 2021 соналда тасдикъ гьабураб Лъай кьеялъул министерствоялъул буюрухъалда. Гьелда рекъон, кинаб махщалие цIализе ине вугониги, выпускникас тIаса бищизе бегьулаан къватIисел улкабазул мацIалъул экзамен. Гьанже гьеб экзамен нахъе бахъун буго гIемерисел техникиял, тIабигIиялгун гIелмиял, медицинаялъул ва экономикиял махщелазе куцалел факультетаздаса.

ТIагIун буго экзаменазул цIияб сияхIалдаса гIемерисел цIалдохъабаз тIаса бищулеб букIараб обществознаниеги. Гьелъул бакIалда кьезе ккела история, физика, химия, биология, информатика яги география. Цересел соназул хIалбихьиялда рекъон, рехсарал экзаменал тIаса рищулел выпускникал къанагIат рукIунаан.

Чара гьечIого кьезе тIадал экзаменазул къадар цIикIкIунеб буго ва гьединаллъун лъугьунел руго хадубккун вузалда аслияблъун рикIкIунеб дарсил экзаменалги. Абитуриентас гьел рищизе ккола РФялъул ГIелмуялъул ва тIадегIанаб лъай кьеялъул министерствоялъ чIезабураб сияхIалда гьоркьоса. Гьебго гьабизе ккола вузалъги. ЛъикIал абитуриентал тIаса рищиялъул мурадалда гьез бихьизабизе ккола, школалда кьуралде тIадеги, министерствоялъ тасдикъ гьабураб сияхIалда бугеб кIиго профилияб экзамен. Яги абитуриентасе рес кьезе ккола гьебго сияхIалда рехсарал экзаменал тIаса рищизе.

ЦIигьарияд къуваталде лъугьине ккола 2025 соналъул тIоцебесеб марталда. ЦIияб цIалул соналда вузалъ тIоритIизе ругел экзаменазулги абитуриентал къабул гьариялъул шартIазулги хIакъалъулъ баянал вузалъул сайталда лъезе ккола 2025 соналъул 20 январалде. АнцIго къоялдасан выпускникас тIаса рищизе ккола жинца кьезе ругел экзаменал. Щивав цIалдохъанас тIаса рищарал экзаменазул хIакъалъулъ баянал школалъ министерствоялде щвезаризе ккола тIоцебесеб февралалде.

Кинха гьеб гьабилеб, цIияб сияхI жеги къуваталде лъугьун гьечIони? Абитуриентазе гъолеб къорцин гурищ гьеб? Нагагь вузалъ тIоритIулел экзаменазда хиса-басиял гьаруни, выпускникасе рес щоларо гьелде хIадурлъизеги жинца тIаса рищарал экзаменазда гъорлъе вузалде хIажалъулеб тIаде жубазеги. Гьелде тIадеги, рес буго цадахъго щуго вузалде документал ритIиялдаса выпускник махIрумлъизеги. Масала, техникияб махщелалъе цIализе унев гIолилас документал ритIила батIи-батIиял бакIазде. ТIаса рищарал вузазда тIалаб гьабулеб буго ункъо-щуго батIияб ЕГЭ. Амма гьезул сияхI букIине бегьула батIибатIияб, ай гьес кьурал ЕГЭязда гьоркьоб гьечIебги. Гьединаб бакIалде гьесухъа документалцин къабул гьариларо яги – къабул гьаруни – вузалдаго кьезе ккела камураб ЕГЭ. Гьелде цебеккун хIадурлъун гьечIони, кинха ворчIилев цIализе? Яги хIадурлъизе ккела школалда малъулел киналго дарсазул ЕГЭялде. Гьелъие хIажалъила эбел-инсул гIарцул цIураб киса – репетиторазе кьезе кколелъул.

Буго гьелъул цоги рахъ. Ахирал соназда гIемер бицуна, школалда дарсал гIемерлъиялъ, цIалдохъанасул психикаялде гьабулеб тIадецуялъул хIакъалъулъ. Щибаб дарсил ЕГЭялде хIадурлъизе ккарав ва кинаб экзаменалъул хIасил жиндие хIажалъизе бугебали жеги лъаларев цIалдохъанасул психикаялъул кинаб хIалдай букIина?

Кинха ракIалде щвезабилареб Виктор Черномырдинил машгьураб калима: **«КIванагIан лъикI гьабизе бокьун букIана, амма кидаго гIадин ккана».**

*ХIурматияб магIарулал! Рес буго бицен гьабураб проекталъул хIакъалъулъ нужерго пикру загьир гьабизе. Гьелъул мурадалда нуж ракке гьаб сайталде:* ***https://regulation.gov.ru/*** *ва гIахьаллъе «Об утверждении перечня вступительных испытаний при приеме на обучение по образовательным программам высшего образования – программам бакалавриата и программам специалитета» абураб документалда гьоркь унеб бугеб бахIсалда. Нужерго лъималазул букIинесеб къисматалъ ракIунтун батаниха…*

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Тарихалъул тIанчалги нахъехун регулаго...



**МухIамад Ибрагьимович МУХIАМАДОВ, филологиял гIелмабазул доктор, профессор**

ЦIалана «ХIакъикъат» газеталда (№ 35) бахъараб, Ашахан Юсуповас Авар театралъул директор МухIамад БисавгIалиевасулгун гьабураб гара-чIариялда тIасан хъвараб «Театр – рухIал къачIалеб «мажгит» абураб макъала ва гьелъул дандерижилъун бугеб, №36 газеталда бахъараб Залму Батировалъул А. Юсуповасухъе хъвараб рагьараб кагъат.

Аслияб къагIидаялда бахIс ккун буго Бахубикалги ХIамзатбегилги къисматалда сверухъ. «Бахубика» спектакль Авар театралда лъуни, магIарул миллат кIибикьизе бегьулин абураб суалги борхун.

ЦIидасанги цебе босана Дагъистаналъул халкъияй шагIир Залму Батировалъ хъвараб трагедия «Бахубика». ЦIидасанги цIалана гьеб, цIакъ кIваркьун. ШагIиралъ гьеб хъван буго пасихIаб мацIалда. Бихьулеб буго, З. Батировалъ, гьеб асар хъвалалде, гъваридго гъорлъеги яккун, лъазабун букIин доб заманалъул тарих. Асаралда нилъеда йихьулей йиго Бахубика. Гьелъул буго согIаб, лъиениги къуркьулареб гIамал. Гьединай йикIине ккеларищха Аваристанлъул хан. Гьединай йикIиналъ ятIалъана гьей васаздасаги, амма гьей хутIана ханалъул гIамал-хасиятазе хиси гьечIей гIаданлъун. Гьединавго гурищ «Саба-Меседо» трагедиялдаги вукIарав хан, цохIо йигей ясалдагицин гурхIел гьабичIев, ханасе киналго ращадал рукIине кколин, гIадлуги киназего гIахьалаб букIине кколин абурав. Хунздерил тIабигIаталде дандекколеб гIамал-хасияталъул Бахубика, чIвазехъин йикIин лъаниги, хвасарлъи букIунареблъи бичIчIулеб букIаниги, гьелъ берцин къапулеб гьечIо хвалда цебе. Гьелъул хвалда цересел рагIабаз кIудияб асар гьабуна:

**Аллагь, мун тIаса лъугьа**
**Гьал дир тушбабаздаса,**
**Дирабги хIакъги босун,**
**Хабалъе ине ругел…**

Тарагедия байбихьаралдаса гьеб лъугIизегIан, нилъеда йихьулей йиго гIурусазул гIадаб кIудияб пачалихъалде данде гьитIинаб Дагъистан багъун бергьунаребилан гIадамазда бичIчIизабулей Бахубика. Гьелда сверухъ ругезе гьей йиго «бекулареб хонолъунги ссунареб гIащтIилъунги».

**КигIан чIужугIадан дун йикIаниги,**
**Бицун рагIи холеб гIадат дир гьечIо!** – ян абулей Бахубикал сипат чIолеб буго цебе.

Гьединавго къвакIарав, кьварарав, кигIан бергьинчIониги, наслабазе нилъеца эркенаб Дагъистан тезе кколин ахIдолев вугев ХIамзатбегги:

**Дие бокьараб жо эркенлъи буго -**
**Лагълъиги ханлъиги лъугIизе ккола.**

Жакъа нилъер цIи-цIиял гIелазда лъазе ккола миллаталъул тарих. Гьениса, кигIан хъвагIазеян хIаракат бахъаниги, гьеб хIужа нахъе хъвагIазе нилъер ихтияр гьечIо.

Дагъистаналъул халкъияй шагIир Залму Батировалъул ««Баху-Бика» абураб пьесаялъул хIакъалъулъ букIараб гара-чIвариялда МухIамад БисавгIалиевас абулеб буго: «Гъорлъе раккун гьеб цIалидал, магIнаялъул халгьабидал, цIакъ санагIат гьечIеб тема батана. Гьелъ магIаруллъи кIийиде бикьизе бегьулин абураб пикруги бачIана цадахъго», -ян.

Кинго бичIчIизе кIоларо щай гьеб тема санагIат гьечIеб букIунеб. ШагIиралъ гьеб асар хъван буго хIакъикъияб лъугьа-бахъинги кьочIое босун. Гьеб буго нилъер тарих - лъикIаб батаниги квешаб батаниги. Залму Батировалда кIун буго лъикIаб асар хъвазе. Дица гьеб пьеса мухIканго цIалана, амма дида гьениб кибниги батичIо нилъер миллат кIийиде бикьизабулеб пикру. Нилъеда лъала ханзабазулги гIадатияб халкъалъулги гIумруялдехун бербалагьи батIи-батIияб букIунеблъи. Гьеб махщалида бихьизабун буго шагIиралъ. Дир хIисабалда, гьаб пьеса театралда лъунгутIизе щибниги гIилла гьечIо.

Жеги М. БисавгIалиев шакдарулев вуго, кинила йихьизайилей Баху-Бика театралъул сценаялдасан, лъикIаб рахъалдасанищ яги квешаб рахъалдасанищ. Гьей йихьизайизе ккола Залму Батировалъ хъвараб къагIидаялъ, щибниги тIадеги жубачIого, тIасаги бахъичIого. Жийго шагIиралъги кьун буго гьеб суалалъе жаваб жиндирго рагьараб кагътида: «Авторас хъвараб асар бихьизабизе ккола, гьес хъвавухъе, ругел гIунгутIабиги рахчулаго, лъикIал рахъалги рихьичIеб ххвел гьабун течIого. Аллагьас рижарал гIадамазул: имамзаби рукIаниги, ханзаби рукIаниги, гIунгутIабиго кколарев, гъалатIалги камурав чи вукIунаро». Гьеб буго битIараб пикру. Авторас жинцаго кьола жиндирго асаралъул жаваб.

Цоги гIажаибаб пикру загьир гьабун буго гьеб гара-чIвариялда М. БисавгIалиевас. Гьес абулеб буго гьеб пьеса лъуни, пачалихъалъул суалал раккизе ругилан нилъедехун. Кинал суалал пачалихъалъул рукIунел хIакъикъаталдаги ккараб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ хъвараб асаралдехун яги гьелъул авторалдехун? Нилъеда лъала А. Пушкиница хъвана «История Пугачева» абураб роман. Емельян Пугачев вукIана хIукуматалде данде вахъарав хъачагъ. Доб заманалда Пушкинида лъицаниги абичIо гьев хIукуматалде данде вагъулев вукIарав чиясул хIакъалъулъ роман хъвазе бегьуларилан яги гьеб роман халгьабизе цониги кашишасухъе битIизе кколилан.

Тамашалъизавуна М. БисавгIалиевасул цоги пикруялъ. Гьес абулеб буго жиндир пикру ккнила Залму Батировалъул «Баху-Бика» пьеса лъеялъул суал муфтияталда дандбазе. Гьеб буго нилъер адабияталда тIоцебесеб нухалъ баккараб суал. Кинниги кIоларо гьеб пикруялда рекъезе. Муфтияталда гIемерищ ругел шагIирзабаз яги хъвадарухъабаз хъварал асаразе къимат кьолел махщелчIагIи? ГьанжелъизегIан чан нилъер хъвадарухъабазул асарал ритIун рукIарал къимат кьезе муфтияталде? Живго М. БисавгIалиевасул «Балъгояб даптар» абураб тIехь кьун букIанадай муфтияталде, басмаялда бахъилалде цебе? Гьенир гIезегIан руго щайтIабиги жундулги жанир ругел харбал. Гьезие кинаб къиматдай кьелаан муфтияталъ?

Расул ХIамзатовасул, Фазу ГIалиевалъул, ГIумар-ХIажи Шахтамановасул, МухIамад Сулимановасул, МухIамад АхIмадовасул ва цогидал хъвадарухъабазул асарал муфтияталде ритIулароан къимат кьезе.

Гьайгьай, муфтияталъул хIалтIухъабазулги буго ихтияр бокьарав цIалдолес гIадин асаралъул хIакъалъулъ жидерго пикру загьир гьабизе. Амма адабияталъул асар къимат кьезе хас гьабун идараялде битIизе кколин абураб пикрулда кинго разилъизе кIоларо.

Биччанте магIарулазул бечедаб ва дунялалдаго машгьураб гьеб тарих нилъеда битIун бичIчIизе. Бокьарав чиясул ихтияр буго гъалатIал гьаризеги гьел ритIизаризеги. Нилъеца, кинал ратаниги, къабул гьаризе ккола Баху-Бикаги, ХIамзатбегги, гьезул къисматалги. Гьез нилъ цолъизаризе ккола. Гьениб щибго гьечIо миллат бикьизабизе хъвараб жого. ШагIиралда кIун буго, тарихалъе ритIухъаб къиматги кьун, букIараб хIалалда тарихалъул тIанчалги хъван, гьезул къиса нилъее бицине.



Художник Хайрулагь Къурбановас бахъараб сурат

МагIарулазда лъазе ккола жидерго тарихалда къисаби тарал гIадамал, гьел рукIараб хIалалда. Нилъее хIакъаб буго ХIамзатибегица Баху-Бикаги гьелъул васалги чIвай. Гьединго ракIчIун абизе кIола, исламияб динги цIунун, гIагараб мугIрузул эркенлъиялъе гIоло бахъараб хвалчен ХIамзатбег имамасулги букIараблъи.

Макъалаялъул ахиралда кьезе бокьун буго, Баху-Бикаги гьелъул васалги чIвараб мехалъ, Хунзахъа Элдарил яс Задаца гьабун букIараб магIу:

**ГIуммаханил Бахул халатаб габур,**
**Хвалчаца къотIараб къиямасеб къо.**
**Бахуе гьарурал гьиналъул васал,**
**Харица рухIараб вахIидул къапар.**
**Росулъа чи хвани, чадира барай,**
**Чан натI ххамил щвараб, ханасул бика?**
**Чукъа-рахьан хвани, махмар къотIарай,**
**КъотIараб гарбие гормендо щвечIей.**
**Дарайдул бусаде сукIулел лугбал.**
**СукIанищ, ГIуммахан, сумал хурире?**
**Хъупил къандалъоде къанщулел берал,**
**Къанщанищ, эбелхвад, чодрол ракьанда?**

# ГIаданлъи кIочене бегьуларо

**Дир кидаго гьудуллъи букIана магIарул газеталъулгун. Шамхалов редакторлъун вукIараб заманалда, лъабго моцIалъ «БагIараб байрахъ» газеталда корректорлъун хIалтIана, цинги «Дагъправдаялде» хIалтIизе ана. Гьединаб бухьен букIараблъиги хIисабалде босун, бокьун буго, гьалмагъас бицараб, ккараб цо лъугьа-бахъин нужееги гIахьал гьабизе.**



ХIалтIудаса тIадвуссун, маркIачIул гIужда щвана рокъове. Чай гьекъолев ватана эмен. Гьев вачIинин ракIалде ккун букIинчIо. Кочубеялдаса Гъизляралде, цIер къараб нухдаса вачIине ккани, щиб къваригIелдай бугебилан ккана ракIалде. «Эмен, щиб ккараб гьаб цIорораб заманалда къватIиве вахъине ккани. ТIабигIаталъ гьабулеб жо бихьуларищ дуда. Гьаб гIодобе биччазегIан санагIат букIинчIищ чIезе, мун гIолохъанчиги гурелъул?» - ан цIехана дица.

«БукIинчIо, дуда рагIичIищ магIарухъ дир вацгIал хун вуго. Зигараялъ инчIого кин дун вукIунев», - ан ццин бахъун кIалъана гьев, дица гьедин гьикъидал.

Дида бичIчIана гьесие дир машинаялда рекIун ине къваригIун букIин. «Гьаб тIабигIаталъ гьабулеб бихьуларищ дуда, къватIире рахъине хIинкъараб хIал буго. Кинаб сапар букIунеб гьаб заманалда магIарухъе, гьев дур вацгIал хун анцIго къоги анин. Нилъеда лъазабулев чиги ккечIо. СанагIат рекъараб заманалда рилълъине бегьуларищ?» - ан гьев гIодове виччазавулев вукIана дун. Эмен тIирун чIана. МагIарухъе инаро нилъ, Салимовасухъе, МахIачхъалаялде рилълъинин абуна инсуца. Дица инсуда абуна Салимов вугин кIудияб хIалтIуда вугев бечедав чи. Мунги дунги гьесие хIажат гьечIилан.

Дица бицараб жо гьесул ботIролъе унеб букIинчIо. Дагьабги ццин бахъун гаргадана. Салимов, гьитIинаб мехалда, дица чанги хIурудасаги хIарщудасаги вацIцIад гьавурав чи вугин кIалъана.

Гьединал хIужабиги рачун, радал цудунго нилъ къватIире рахъине кколин лъазабуна инсуца.

Щиб гьабилеб, эмен вуго эмен.

Радал рахъун рилълъана МахIачхъалаялде. Машинаги шагьаралъул байбихьуда тун, цIер къарал нухаздаса хIинкъун, таксиялда рилълъана Салимовасул мина бугеб бакIалде.

Лъабго метралъ борхатаб къедги буго, кIалтIа хъаравулзабиги руго. Ккана гьезулгун гара-чIвари. Жанире кир гурин, рукъалда аскIорецин къазе риччалел рукIинчIо. Эмен ццидахун кIалъана жив гьесул гIагарав чи вугин абун. Телефоналъ кIалъайин гьесухъе, жиндир цIар бицеян абуна инсуца хъаравуласда. Жидер кIалъазе ихтияр гьечIин чIана дол. Досул хIажалъи ккани, живго кIалъан вачIунин. Гьедин хутIана саламатаб заманалъ, хадуб ресги къотIун, сордо базе гостиницаялде ана.

Эмен радал цудунго вахъана ва какги бан, рилълъана Салимовасухъе. Щвана кIалтIе. Доб къасиго букIараб хIал бугоан гьениб. Гьанир чIоге, гьесул хIалтIуде аян кьварун лъазабуна хъаравулас.

Рилълъана гьесул хIалтIуде. СагIат ичIгоялда щвана гьенире, Салимов жеги вачIун ватичIо. ВачIана, нижехъ цо тIаса-масагоги балагьун, саламги кьун ана кабинеталде. Секретарь йитIана нижер хIакъалъулъ бицине. ТIубанго къачIеб нуцIихъан рагIулеб букIана гьесул кьварараб кIалъай. Приемный къоялъ рачIаян щай нахъе гъечIелин ахIтIана гьев секретаралде.

ТIуранго нилъго сурилалде нахъе рилълъаян гьарана дица инсуда. Дида гьесул гьумер бихьизе къваригIун бугин, гIамал кIодолъи бихьулищ тарщилилан лъугьана эмен.

Риччана жанире, тIадецин вахъинчIого, столалда ругел кагътаздеги балагьун, буссинабуна салам.

«Дуда кIочонищ тараб дица рокъовеги вачун, чвердезавун, васасул ретIелги кьун, кваназавун чан нухалда мун витIаравали. Дуда ккун бугеб ниж щибниги гьаризе гьанире рачIун ругин абун. Ниж вацгIаласул зигара гьабизе рачIун рукIана. Гьоболги гIагарав чиги жанире риччаларел гьел хъулби щибизе хIажат ругел. Рес гьечIесе гъурущ кьезе кIолареб гьеб бечелъи сундуе данде гьабулеб бугеб? Дица каву щай гурин, рукъалъул нуцIацин къаларо. КъваригIарасе квенги кьола, вегизе бусенги бихьизабула. Гьеб бечелъи лъицаниги босичIо цадахъ. Анлъго метр ххамил гIела дуеги диеги», - ян кьварун кIалъана эмен ва вахъа тIадеян дидаги абун, хъващтIан къватIире рилълъана.

Жив командировкаялда вукIанин, регIичIилан цо жо бабадизабулев вукIана Салимовги.

Дица эмен чIезавуна, зигара гьабичIинги абун.

«Кинаб зигара, гьебги добги бичIчIулев хIайванищ гьев. Вегулелъул гIарац, вахъунелъул гIарац. Гьелъул гурони мацI бичIчIуларев. ГIарацги кьун босун батила гьаб хъулухъги», - янги абун, квер хьвагIана инсуца.

Цо-кIиго соналдасан рагIана гIемераб гIарацги бикъун, Салимов къватIисеб улкаялде лъутун ун вугин.

***АхIмад ДАВУДОВ,***
***Гъизляр район,***
***Южное росу***

# Бесдаллъарав Олег

**ГIажаибаб жо буго нилъер гьаб гIумру. ГIемер ккола батIи-батIиял лъугьа-бахъинал, дандчIвала гIадамалгун. Гьанжеялдаса гIага-шагарго къого соналъ цеве дир вас вачIана, цо чияс мун къватIиве ахIулев вугинги абун. Лъицаян гьикъидал, жинда гьев лъаларин жавабги кьуна.**

Дирги кIудияв васасулги минаби руго цоцада дандритIун, цого къотIнор. Ваккана къватIиве. КъватI бакьулъ эхетун вугоан цо гIолохъанчи. Дун виххун хутIана: цевего хварав дир хъизаналъул вац вугин ккана, гьев вихьаравго. Досулго гIадаб чIегIераб рас, гьумер-куц, борхатаб къаркъала, амма цIахIилал, Есенинил гIадал берал. ГIажаибго берцинав гIолохъанчи вугоан, нечон гIадин, гIодобе къулун бетIергун.

Мун щивилан гьикъидал, гьес абуна «я не понимаю по-вашему», - ян. Гьебго суал такрар гьабуна гIурус мацIалда. Гьес жаваб кьуна, жив дир васазул вацгIал вугин, цIарги жинда Олег бугин абун. ТIаде вачIарав чигун нухда кIалъазе рекъон гьечIин ракIалдеги ккун, вачана васасул рокъове, гьоболасе магIарулаз гьабулеб куцалда квен-тIехги цебе лъуна. Олег вукIана нечадго чай гьекъолев, дир лъабавго васги гьесухъ балагьун хутIун вукIана.

Гьес бицана жиндир эбел гIурусай кколин ва дагьал церегIан соназда гьей хванин абун. Гьелъ бицунаанин, дир эмен магIарулав вугин. МахIачхъалаялда медучилищеялда цадахъ хIалтIулев тохтур вукIанин гьев. Жал цоцазе рокьулаанин, амма тохтурасул хъизан-лъимал рукIун, гьев разилъичIин жий ячине. Тохтурас хъизан-лъималазда лъазе биччачIеб куц гьезда лъаларей гIурусалъ жиндие вас (Олег) гьавураблъи. Жиндир эбел, живги вачун, МахIачхъалаялдаса Норильскиялде ун йигин, амма лъимер хьихьизе гьелъие захIмат букIун, судалдеги кьун, алиментал рачIунел рукIанила, жив кIудияв гIезегIан.

КIудияв гIурав Олег ун вуго армиялде. Гьениса тIадвуссаравго, Норильскиялда хIалтIулев вукIун вуго. Амма, кинал рукIаниги, эбел-инсуде букIунеб лъимадул рокьиялъ, макъратIисалъ махх гIадин, цIалеб букIун батила Олегил ракI Дагъистаналде: эмен вихьизе, вацал-яцалгун дандчIвазе. Гьеб «рекIел къуваталъ» цIан вуго Олег Дагъистаналде, инсул ватIаналде. Эмен хун вукIинги лъалеб букIун буго гьесда. Гьев вачIун вукIун вуго жиндирго гIагарлъиялъулгун лъай-хьвай гьабизе. Дица гьикъана: «Рихьанищха вацалгун яцал»? - ян. МагIил цIурал бералгун, гьес абуна: «Дун къватIиве къотIана гьезул эбелалъ, дур вацал гьечIинги абун. «Комсомолец» совхозалда ругин дур вацгIалзабиянги абун нужехъе витIанин дун», - ан.

Дида цебечIана сурат: дир хъизамалъул вац, Олегил эмен, кидаго вукIунаан пашманго, сундулалиго пикрабалъ, ургъалилъ. Гьанже бичIчIана, кинал ургъалабаз гьев жаниса «вухIулев» вукIаравали дол 80-90-абилел соназда. Ургьиб беролеб цIа «свинабизе», гьениб даим бусен лъурал ургъелал рачахъизе гьекъолеб букIун батила мунагьал чураяс.

Дагьавго гьекъон, цIакъ ракI разияв, гIадамасул адабхIурмат гьабулев, ихтилат-кеп бокьулев чи вукIана магIарулалъул ункъо лъимадул ва гIурусалъул цо васасул эмен. Гьев Сибиралде хIалтIизе ине ккун ватила, хъизан-лъимал хьихьизе захIмалъулеб букIун, тохтурасул харжалдасан унел алименталги рукIун. Гьенив хун, хадув вацги васги ун, жаназа букъана Ленинкенталъул хабалазда. Олег гьениве щваравищали дида лъаларо.

МагIарулалдаги кин гIайиб чIвалеб – ункъо лъимер, захIматал сонал, гьекъезе бокьулев рос, алиментalги тIасаккун бачIунеб гьесул харж гIелищха лъимал хьихьизе. Гьединлъидалги батила, росги хун, лъималги гIун, гьезул хъизамалги гьаризе, цIали-хIалтIиги рукIалиде ккезабулей гIаданалде тIаде «рехун вачIарав» бесдал вас Олегида, нилъеца абухъе, «нух бихьизабураб» гьелъ.

Олеггун ва дир васалгун суратал рахъана нижеца. Дица Олегида абуна: «Дуда лъала гьанже дур вацгIалзаби ругеб бакI, адрес. Гьал дир васаз, кида вачIаниги, къабул гьавула мун. РакI къварилъизе тоге», - ян.

ПалхIасил, дир васазе Олег хутIана вацгIаллъун, цогидазе щивлъун хутIаравали лъаларо…

ГанчIиде буссараб ракI бугеллъун рукIине бегьуларо нилъ. Арал соназул гъалатIал хъирщулеллъун рукIинеги лъикI гьечIо. БихьичIеб бицунелги рецциларо.

МагIарул мацIалда бугодай Олегил гIадаб къисматалъул лъималазда цо рагIиялдалъун абулеб цIар? Гьесда Дагъистаналда дандчIварал магIарулазда гIурусалъги магIарулалъги абулел рагIаби дида лъала. Нужедаги лъалеб батила…

***Ругъжаса ГIАЛИСУЛТАН***

# БукIана гьадинабги идара

СССР биххиялда цадахъго риххизаруна цо-цо идарабиги. Масала, цебе гIадаб къуват гьечIеб идаралъун лъугьун буго Санэпидстанция.

45 соналъ хIалтIана дун Шамил районалда санитарияв тохтурасул кумекчилъун. Ниж щоларебги раккуларебги бакI букIунароан. Щулаго халкколаан санитарияб рахъалда хадуб.

Сахлъи цIуниялъул наркомлъун вукIарав Семашкоца абун буго: «Санитарияб культура гьечIони, кинабгIаги культура букIунаро», - ян. Масала, тIолалго канализациял унел руго лъаралъе, гIурулъе. Гьебго заманалда лъарал, гIурул лъим хIалтIизабулеб буго кваниеги гьекъезеги.

Расги лъикIаб хIал гьечIо чед бежулел пекарнябазул. Цебе районалда букIана 7-8 пекарня. Жакъайин абуни гIезегIан мини-пекарняби руго районалда. Амма гьезда хадув балагьулев я чи, я идара гьечIо. Чед беччизелъун журалел руго синтетикиял дрожжал, ва гьедин бежараб гьелъ гIемерисезул кванирукъги унтизабулеб буго.

Гьеб гуребги, кванил нигIматал ричулел тукабазда, лареказда хIалтIулел руго медосмотр гьабичIел гIадамал. Рес буго, гьенир нагагь унтарал ратани, унтаби цогидаздеги рахине.

Жакъа районазда гьоркьосеб Хунзахъ бугеб санэпидстанциялъул къуват гIолеб гьечIо киса-кибего хал-шал гьабизе. Гьединлъидал, тIоцебесеб иргаялда, живго инсан вукIине ккола бичIчIиги лъайги бугевлъун. ГIадамазул гIайибалдаса хIинкъичIони, АллагьасдасагIаги хIинкъизе ккеларищ?

***МуртазагIали***
***МУХIАМАДХIАЖИЕВ,***
***захIматалъул ветеран***

ХАЛКЪИЯБ НУХ

# Ирсалъе щвараб гъунар



**Бузнасан нух бахъулеб бакIалде гьоркьо-гьоркьоб сапар гьабула Хасавюрт шагьаралъул «Гьудуллъи» газеталъул коллективалъ. ДагьалцерегIанкъояздаги, газеталъул бетIерав редактор ШайхмухIамадов МухIамадрасулил нухмалъиялда гъоркь щвана гьенире ва бихьана гьабулеб бугеб хIалтIиги. Гьенив ватарав, нух бахъулезе квербакъи гьабулев, ХъахIабросдал бегавул МухIамад МухIамадовас бицана жив гьаниве вачIунин бажарараб кумек гьабизе.**

**- МухIамад, чан сон бугеб дур Бузнаса нух гьабулезе техникагун кумекалъе вахъаралдаса?**

- Гьанибе дирго техника хIалтIизе рехаралдаса ункъо моцI буго. Нух гьабизе байбихьаралдаса гьанив вугин абуни, мекъиги ккеларо.

Дун росдал бегавулги кколелъул, кидаго гьанив вукIунги бажаруларо. Гьединлъидал, рес рекъанщинахъе щолаха.

**- МухIамад, мун гIадинал гIадамал гIемерлъагиха магIарулллъиялда. Амма лъазе бокьилаан кин гьаниб хIалтIи унеб бугебали? Щиб абизе бокьилеб нилъер гIадамазда?**

- Гьале, нужедагоги бихьулеб буго, цIакъ берцинго унеб буго хIалтIи. Аллагьас хъван батани, гьаб бакIалда гIемер мехалда хутIиларо, кIиго-лъабго сверелги лъун, кьурул доб рахъалде рахине руго.

**- Бегавуллъи гьабиги нухда хIалтIиги цадахъ бачине кин бажарулеб?**

- Мунагьал чураяв дир эмен вукIана комбайнер ва бульдозер хIалтIизабулев чи. Инсухъ букIана колхозалъул техника. Анкьабилеб классалда цIалулеб заманалдаго унаан дун векьаризеги, комбайнги бачун лъилъаризеги. Гьедин ирсалъе щвараб буго дие техникагун гьабулеб хIалтIи. Рес рекъанщинахъе щола гьаниве ва бажарараб кумек гьабула.

**- Бузнаса нух бахъиялъул жавабияв чи МухIамадкамил вугелъул, гьесул хIакъалъулъ, лъалебги лъаларебги гIемераб хабар бицунеб рагIула гIадамаз. Дур хIисабалда, кинав чи вугев гьев ва гьесул нухмалъиялда гъоркь унеб бугеб хIалтIулъ нилъее гIолареб жо бугищ, сунде кIвар кьезе кколеб?**

- МухIамадкамил лъалелдаса 30 сон буго дир. Гьесул рахъалдасан щибго къадарлъи, хIалихьалъи жеги бихьичIо. Гьесда цадахъ, дирго техникагунги, хIалтIана дун. Цеве гьев вукIана цо пуланаб организациялъул начальник. АзаргогIанасев чи вукIана гьесул нухмалъиялда гъоркь хIалтIулев. ГIезегIан лъикI бетIерги хIалтIулев, магIнаги бугев, нух бахъиялъул ишги лъалев чи вуго.

- Дагъистаналъул Совминалъул председателасул тIоцевесев заместительлъун гIемерал соназ хIалтIарав Набиюла МухIамадовас бицун букIана, МухIамадкамилидехун цо гьитIинабниги щаклъи букIарабани, жив гьесда аскIовего къалароанин. Гьедин къимат, цIар бугел чагIаз абиги буго божилъи гьаби, цоцазде аманат букIин. Аллагьас къуват кьеги дуеги.

- Хьул буго, кватIичIого гьаб кьурул доб рахъалдеги рахун, гьабураб хIалтIи гIадамазда бихьилин абураб.

*Хъвана СалихI САЛИХIОВАС.*

«Бузнаса нухда гьабулебщинаб хIалтIи буго, тIоцебесеб иргаялда, Аллагьасул кумекалдалъун, цинги халкъалъул квербакъиялдалъун гьабулеб иш. Жакъа къоялде гIемераб хIалтIиги гьабун буго. ГохIал-щобал кьвагьизаридал тIолабго ракь, гамачI бана ахакьдерил кIкIалахъе. Нижеда ракIалда буго моцIида жаниб кьурул добцояб рахъалде рахине...»

*Нух бахъиялъул жавабияв МухIамадкамил ДИБИРОВ*

ЦIИЯБ ТIЕХЬ

# «Бесдал эбел? Гуро, эбел!»




Гьадинаб суалги жиндиего кьун, гьелъие жаваб кьолеб буго дагьаб цебегIан гIурус мацIалда къватIибе бачIараб «Мачеха? Нет, Мама!» абураб тIехьалъул автор Макка ГIалихановалъ.

Бесдал эбел. Гьеб рагIулъ гIемерисезда бихьула гIицIго ццинги квешлъиги. Амма гьелъулъ хинлъи бекьизеги бекьараб гьеб бикьизеги бажарарай, Гумбет районалъул МелъелтIаса Муса Расуловасул гъасда талихI гьимарай магIарулай Макка ГIалихановалъ бицунеб буго жинда цере ратарал Муса лъималазе жинцаго эбеллъи гьабурал соназул хIакъалъулъ. Хъизамалъулаблъун лъазабураб гьаб соналъ Маккаца тIехь сайгъат гьабулеб буго жиндирго ва жиндираллъунго лъугьарал Мусал лъималазе ва живго Мусае, гIага-бажаразе, тухум-кьибилалъе, гьудулгьалмагъзабазе.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

ШИГIРАБИ

# Ищцоязде

Дида кIочон толаро абадиялъго арал,
Дунгун цадахъ рукIарал пишацоязул къокъа!
Гиппократил гьаялъе кидаго хилиплъичIел,
РакIбацIцIадго хIалтIарал хIалимал тохтурзаби.

Аби буго батараб «лъикIал хехго унилан»,
ГIумрудул завалалда тана гьезги гьаб дунял.
Унтаразе хирият, халкъалъ хIурмат гьабулел,
Гъуниб районалдаса Атрачев МухIамадги,

БуцIра росдал щобдасан раккун рачIарал цIцIваби:
АхIмад ГIалиевичги, Давудов МухIумаги.
РитIухъаб гIамалалъул, гьуинаб каламалъул
Сахаватал лъарагIал: ГIабдулханги, Агъавги.

Апанди, ИмангIали – Гумбет районалдаса.
ТIелекь росулъ жив гIурав хирург - МухIамадгIали.
ЧIикIаб росулъа ГIиса, Акнадаса Закарья,
Дилималдаса Зазай, Миякьоса ХIамзатов.

Шахрузат ХIасановна, Хадижат Расуловна,
БакьагьечIиб росулъа Издагаги, Сапинат.
Жидеда тIадкъараб иш тартибалда бачарал, -
ХIариколоса ХIасан, Гьолокьа ГIабдулпатахI.

ЧIохъ росулъа Муслимги, тумал - БатIал ва Запир.
Казбек районалдаса рентгенолог Салманги.
Кидаго жив разияв гIелмабазул кандидат,
Ансадерил мухъалъул МухIамад Гьиматовги.

ЦIарккун рехсечIониги гьал гурел цогидалги,
КIочонареб цIарги тун ана дунялалдаса.
Аллагьас хIукму къотIун, гьел мунагьалги чурун,
Ахиратги лъикIаб кьун алжаналъуре ккаги!

Капиталалъ борцунеб, бигъараб, гьерсил цIураб,
ХIалуцараб, гьалдолеб, рагъул хъуй гIемерлъараб,
ГIолохъаби гъурулеб дуниялги гьаниб тун
КватIичIого дунгоги нужеда хадув гьела!

***ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ,***
***РФялъул Журналистазул***
***ва Хъвадарухъабазул союзазул член***

# Дирни рии ана...

Дирни рии ана Обнинскиялда,
Унтул карачелал нахъе чIвалаго,
ЧIалгIенги бикьана гъветI-хер берцинаб
Больница сверухъе - тIабигIаталде.

ТIадмагIаруллъи тун рикIкIаде ккедал,
РакIбичIулеб гьечIо ВатIаналдаса,
БатIияб пачалихъ гьечIониги щиб,
Щибаб лахIзаталда цIала росулъе.

Исана ихги ун рии щваниги,
ЩвечIо борхалъуде - «Лъамир» вахине.
Рохел букIунаан гьудулзабигун
«ГIосохъги», «Белъдаги» сардал тIамидал.

Унтул хIисаб гьабун унел къоязул
Къого нухалъ цIикIкIун буго халалъи.
Тохтуразул обход, цо хасаб низам
Релълъуна батIияб цо туснахъалда.

Чанго аза-азар унтарал ругеб
Унго, дандчIваларо цо магIарулав.
Исламияб куцалъ салам кьуни щиб,
Жавабалъе гьечIо гIурусал гурел.

Амма как-диналъе квалквал гьабулел
Кирниги ратичIо дида гIадамал.
Иисус жидерин, Аллагь нужерин
Жидерго цIалкIулел рукIуна гIемер.

Унго, бусурманав анищан ккарал
Чанги гIурусасги бала дида къвал.
Рокъоре щведалги кIочене гурин,
КIиязго гьабула щулияб къотIи.

Инсанасда тIадал адабазулги,
Ислам гьечIониги гьез рахъкколеб куц.
Кинаб хъулухъалъул чи ватаниги,
Унтидал бащадал кколин абула.

***Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ***

## Подписка-2025

# Газета хъвазе заман щвана!

Бищун гIадамаз цIалулеб гьумер газеталда бищун ахирисеб кколин абулаан мунагьал чураяв МахIатIов МухIамадица. Гьединлъидал бищун нижее аслияб - подпискаялъул суал ахирисеб гьумералдасан байбихьулеб буго.

1 октябралда официалияб куцалда байбихьана 2025 соналъе подписка гьабулеб заман. Гьединлъидал цIияб сон тIаде щвезегIан чIечIого, гьанжего байбихьизе бегьула «ХIакъикъат» газета хъвазе. Гьебги гьабизе бегьула нуже-нужер росабалъгун шагьаразда ругел почаздасанги («Почта России») «Дагпечаталъул» киосказдасанги.

ЛъагIалие подпискаялъул багьабиги гьадинал руго:

**Почалдасан - 1066,08 гъурущ**

**«Дагпечаталдасан» - 504 гъурущ**




ХIакъаб жо, нужер цо-цоял рази ратизе гьечIо почалъул хIалтIудаса. Нижехъе гIемер гIарзал щолелъулха газетал рачIунарого моцI бугин, лъабго моцI бугиланцин. Масала, Хасавюрталъул почалда сортировщик гьечIиланги абун, газетал рикьичIого кIиабилеб моцI унеб бугилан хъван бачIун букIана дагьалъ цебе ЦIиябсасикьа СайгидахIмад АхIмаднабиевас. Гьединал гIунгутIаби тIубанго лъугIизаризе кIвечIониги, хадурккун гьел дагьлъизариялдениги кIвар кьелин, почалъул хIалтIухъабазулгунги гьел суалал роцIинаризе ругин абураб рагIи кьолеб буго нижер учредителазги.

Гьединго гъоркьанкьалдаги ккана миллиял газетазул вакилзабазул рахIатхвезабураб хIужа. «Дагпечаталъ» къотIи-къай тIубазабичIолъиялъ, нижер газета гьорлъе унеб «Этномедиахолдингалъ» гьукъана гьелъие киосказдасан газетал ричизе. Гьелъул магIна ккола киосказдасан подписка гьабурал чагIазе гурони, цо-цоккун газетал росулел чагIазе гьел кьунгутIи. Гьединлъидал цIалдолезе лъикIаб буго жидее санагIатаб бакIалда бугеб киоскалдасан подписка гьабизе. Гьебги гьабизе бегьула бокьараб къоялдаса, моцIалдаса байбихьун.

Гьединго «Дагпечаталъ» учузаб багьаялде газетал щвезарула бокьараб районалде, шагьаралде. Амма цо бакIалда цадахъго щвезарулел газетазул къадар букIине ккола нусго экземпляралдаса дагьаб гьечIеб. Гурони, нухлул харжал хираго чIола гьезие. Масала, цо росдаца хъвараб «ХIакъикъат» газета «Дагпечаталъ» рузман къоялъул радалго битIун бачIуна гьеб росдал жамагIаталъ цIар чIвараб бакIалде - лъил букIаниги тукаде, администрациялде, мажгиталде (гьенисан щивас жиде-жидер газета босизелъун).

Гьединлъидал, хIурматияль магIарулал, заманги гIемер гьечIелъул кIвараб хIаракат бахъеха нилъер миллаталъул матIулъун кколеб «ХIакъиъкаталъе» подписка гьабизе.

***ХIурматгун «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъаби***

## Рагъулаб хъулухъ




## РагIикъотI



**ГIебеде:** 1. ХIатIикь тIамулеб яги къадада бигъулеб жо. 4. Миллияб музыкалияб алат. 9. Россиялъул гIор. 10. ЦIалдохъанасул хIалтIул бакI. 11. Рецариялъул алат. 12. Лъимералъул бусен. 14. СихIираб жанавар. 15. Пихъ. 19. ЧIвани, кIудияб мунагь букIунин рикIкIунеб рухIчIаголъи. 20. Чу. 24. РагIул бутIа. 25. Хъазан. 26. Рукъалъул хIайван. 29. Лага. 31. ЧIегIераб ралъдал рагIалда бугеб курорт. 32. РагьтIател. 33. Жиндирго черхалдаса кIудияб бакIлъи баччизе кIолеб хIутI. 34. Автобусалъул марка.

**ГIодобе:** 1. ЧIужугIаданалда цIар. 2. ГьоцIиб гьабулеб хIалтIи. 3. Хвалчадул … . 5. Художествияб … . 6. Мун - … (антоним). 7. Хьвади. 8. Лъадалъ букIунеб рукъалъул хIинчI. 13. Падишагьасдеги вахинчIев, узденасдасаги арав чи. 16. Сигареталъул тайпа. 17. ГIиялъажо. 18. Халалъиялъул роцен. 21. ГIалхул жанавар. 22. Гьеб хIадур гьабула дабагъчияс. 23. Череялъе хIалтIизабулеб алат. 27. Бихьинчиясда цIар. 28. Рагъулаб машина. 30. ПаччахI. 32. Шекъер-мукъулукъалъул тохтур.

**37-абилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 2. ЦIам. 7. ГIарчо. 8. Аванс. 10. Рекел. 12. Вачи. 14. Иран. 16. Шарикоподшипник. 21. Кино. 22. Аслу. 23. Рур. 25. Мэр. 27. ДарбишмухIамадхIажи. 31. Гьукъал. 32. Хурма. 33. Екери. 34. Ишара.

**ГIодобе:** 1. Марокко. 3. Къадиро. 4. ГIорто. 5. Галош. 6. Ангина. 9. Машинаби. 11. Баклажан. 13. Чан. 15. Рис. 17. Карш. 18. Перу. 19. Дума. 20. Икра. 24. Умагьани. 26. Эмблема. 28. Будун. 29. «ХIакъикъат». 30. ХIужра.

## Лъалищ нужеда?

ГIалимзабаз чIезабун буго щибаб сагIтида жаниб инсанасул тIомодаса гIодобе гъун унин гIага-шагарго 200 миллион клетка. Гьеб кколеб буго тIомол хIур.

* * *

Франклинил институталъул баяназда рекъон, лъимадул киналго бидурихьал цо мухъда цIан ритIун лъуни, гьезул гIаммаб халалъи 96500 километралдасаги цIикIкIунеб буго. Санаде вахиндал инсанасул бидурихьазул гIаммаб халалъи бахунила гIага-шагарго 160934 километралде.

***ИНТЕРНЕТАЛДАСА***

## Зигара

«ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго корректор **ГIирбанил ХIажиясда** гьесул **яц** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Ахират лъикIаб кьун батаги.

ХIАКЪИКЪАТ
БетIерай редактор ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
Заместитель Зикрула ИЛЬЯСОВ
Жавабияв секретарь МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ
Отделал: Тарих Редактор: Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ МухIамад Манапов
Информация, политика, гIелму ва лъай кьей Редактор: Кавсарат Сулейманова Ашахан Юсупов Рукъият ГIалисултанова
РухIияб хазина ПатIимат СултIанмухIамадова
Адабият Шамай Хъазанбиева
Росдал магIишат Редактор: ГIабаш ГIабашилов ПатIимат МухIамаева
ЦIалдолезул кагътал Нури Нуриев ГIайшат ХIалакъова
Корректорал Хадижат Дамаданова ХIажи Ибранов
Социалиял гьинал, IT-технологиял Эльмира Испагиева
Электронияб почалъул адрес: istina@etnomediadag.ru www.hakikat.info
Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00 Гъулбасана - 19.00
РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС: 367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ 367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство (ГБУ РД «Этномедиахолдинг «Дагестан»)
Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб
Тираж - 4660
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)
Багьа 15 гъурущ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».